RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA
SERAT KABAR KATHOLIEK
Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA
sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
1/2 „ . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN.

WARA-WARA.

Minggoe poenika para lengganan dipoenkintoeni wissel tagihan.

Déné lengganan ing kita Ngajodja kénging mbajar dateng kantor Sw. Tm. ing Kota-Baroe.

Administratie Sw. Tm.

LARASATI.

Wanita lan politiek.

2. Sebab-sebab ingkang boten mrajogèkaken vrouwenkiesrecht!

Vrouwenkiesrecht poenika mentjoengoelipoen saking dedasar klintoe. Dedasar waoe namanipoen ing basa Welandi individualistische opvatting der maatschappij; inggih poenika dedasar, ingkang moeroegaken tijang kesoepèn, bilih maatschappij makaten badan sesaminipoen lan sadaja gegelitan, sanadjan pijambak-pijambak nama lan kanggénipoen, nanging sadaja-sadaja kawengkoe déning satoenggal i.p. betahing badan. Boten kénging sadaja gegelitan badé misah pijambak-pijambak ing toedjoening pakarjanipoen, boten; sadaja kedah namoeng toemoedjoe dateng satoenggal, dateng badan oetawi betahing badan. Kepandjangen jèn poenika badé kaoedar satelasipoen, ladjeng ketebihen anggèn koela ngantjang-ngantjangi. Ing mangka sebab-sebab waoe langkoeng tjoemepak, inggih poenika:

a. Tijang ingkang saroedjoek lan kita Katoelik lan sami ngoegemi, bilih woelang liberaal, ingkang ngandaraken bilih staat poenika kempaling tijang idjèn-idjèn kados kempaling gesik dados goemoek, poenika klintoe; tijang ingkang saroedjoek lan kita Katoelik ingkang sami ngoegemi, bilih staat makaten kedadosan saking golongan rajat, district, gemeente lan provincie, tanpa pakèwed ngakeni, bilih njoekani kiesrecht dateng tijang idjèn-idjèn (als zoodanig tegesipoen) njoekani kiesrecht dateng tijang margi anggènipoen tijang, boten margi anggènipoen tijang badé adamel saéning maatschappij; poenika lepat, klintoe; kiesrecht ing nagari Welandi dedasar kados makaten; mila toewan Loeff, tilas minister ngakeni lepating dedasar waoe. Mr. Treub netepaken bilih milih warga parlement samangké poenika namoeng kanggé „dedalan" (slechts een overgangstoestand) badé ngoepados margi sanès. Mgr. Nolens boten kanti samar-samar ngandika, njoekani kiesrecht makaten, manawi badé mapan lan leres, kedah dateng gegelitaning maatschappij. Gegelitaning maatschappij sanès tijang idjèn-idjèn, nanging golongan, provincie, gemeente lan familie. Ingkang gadah hak kiesrecht dados sanès tijang idjèn-idjèn, nanging dateng rajat (familie huisgezin). Lan sarèhning ingkang dados gegentosipoen rajat kalijan ndjawi poenika tijang djaler, mila kiesrecht ingkang saroedjoek lan dados wontenipoen pradja, ingkang nggadahi wewenang inggih namoeng tijang djaler. Mila kiesrecht tjara kita waoe namanipoen ing basa Walandi gezinhoofden-kiesrecht. Lan manoet dedasaripoen nama: organisch kiesrecht, kosok-wangsoel lan kiesrecht manoet dedasar liberaal ingkang nama: individualistisch oetawi atomistisch kiesrecht. Kaantepan ingkang ngakeni, bilih pradja kedadosan saking tijang idjèn (kaantepan liberaal) nama: individualistisch staatsidee, kosok-wangsoelipoen organisch staatsidee (poenika kaantepan kita Katoelik).

Sampoen, samanten roemijin.

A. SWASTI ASTOETILAH.

KIRANG NALAR?

Koela sampoen maos goebahanipoen mevr. C. S. Atmasoedarma. Njakoep sadaja. Déné roedjoek oetawi botenipoen, lha poenika sabar roemijin. Ing poengkasanipoen goebahan moengel: „pamanggihipoen para maos saged koewoer, djalaran ing rikoe pamanggihipoen prijantoen poetri toewin prijantoen kakoeng boten saged pilah.— Makaten poenika, manawi tijang namoeng éla-èloe kémawon, tegesipoen namoeng manoet groebjoek, boten gadah kaantepan pijambak. Jèn tijang gadah pangoentjanging drija, sadaja-sadaja temtoe badé katimbang nganggé tradjoe ingkang leres; boten ningali poenapa ingkang njerat waoe tijang wasis poenapa boten, nanging namoeng namataken poenapa ingkang kaserat waoe njata, leres, poenapa boten. Lan tegesipoen pilah ing ngrikoe kados-poendi, koela dèrèng damang. Poenapa ateges bènèh, béda, sanès oetawi boten sami? Jèn makaten kersanipoen, koela saged matoer: boten namoeng pamanggihipoen prija lan wanita kémawon ingkang boten pilah, dalasan pamanggihipoen prija sami prija inggih saged béda. Ananging bédaning pamanggih boten kénging kanggé nglepataken, sebab zooveel hoofden, zooveel zinnen. Éwadéné manawi barang waoe namoeng dipoentingali wontenipoen ndrikoe, pamanggih leres namoeng satoenggal. Tjetanipoen: oepami wonten laré dipoentedahi gambaranipoen Rembrandt, mastani awon, sareng tijang sepoeh (ingkang ahli kagoenan, lo, boten tijang doesoen kloetoek) mastani saé, poenika ladjeng kados-poendi? Poenapa gambar waoe saé, poenapa awon? Ingkang leres rak kedah namoeng satoenggal, langkoeng-langkoeng sebab pamanggih waoe kosok-wangsoel. Poenapa ingkang leres boten pamanggih ingkang satoedjoe (saroedjoek) kalijan kawontenanipoen barang?

Semanten oegi menggahing tijang sepoeh kasboet nginggil, boten kénging kawastanan kirang nalar, kirang pikiran, djer boten wonten sebab ingkang njekapi. Mindak kawalik: sing ngarani koerang nalar ikoe koerang nalar déwé. Djalaranipoen? Poenapa laré kasboet nginggil, ingkang mastani gambaranipoen Rembrandt awon waoe, ladjeng kénging dipoenoengel-oengelaken, dipoensentak, kawastanan kirang nalar, kirang pikiran? destoen dèrèng gadah pikiran, dèrèng njandak kawontenan adi pèni. Kénging dipoenlepataken? Boten ta. Semanten oegi tijang sepoeh kasboet.

Inggih leres, tindakipoen manawi kawawas poenapa wontenipoen ngrikoe, genah sampoen tjeta lepat, boten saged kaleresaken, saminipoen jèn tijang djaler mindah (megat) sémahipoen. Ananging oepami kelampahanipoen poenika waoe amargi dèrèng soemerepipoen?

Anggèn koela gadah atoer makaten poenika, sebab tijang sepoeh waoe dèrèng soemerep, jèn tijang poenika sasampoenipoen émah-émah boten kénging pegatan oetawi émah-émah malih, kedjawi jèn salah satoenggiling waoe tilar donja. Oepami tijang katoelik nindakaken kados tijang sepoeh waoe, la poenika nama kirang nalar, sebab soemerep klawan tjeta lan terang. Poenapa malih tjrijosipoen tijang sepoeh waoe bokmanawi boten mawi dipoenlimbang-limbang roemijin. (saking pandoegi koela, ingkang imbal pangandika prijantoenipoen poetri). O walèh-walèh poenapa, bangsa koela wanita poenika ratjakipoen bab panglimbang boten saged pandjang, tegel lan kekendelanipoen boten njandak prija, namoeng sakedik sanget kendeling pikir, samangsa kekatahen pikir, boten saged nahan, ladjeng sakit. Tjoegetan atèn poenika wonten èmperipoen. Koela kerep dipoenèngetaken bapakipoen tolé: ngono ikoe dak bener, boené? Bok djadjal dipikir sing dawa disik! Koela kerep mangsoeli: dos-poendi ta, koela kok empoen djoedeg. (Bokmanawi saking bodo koela). Bok diparingi priksa. Manawi dipoendoenoeng-doenoengaken koela ledjar, narimah, saja bekti.

Mila badé ngadili tindak-tandoekipoen sanès poenika angèl sanget, djer tijang kedah njoemerepi barang mawarni-warni.

Woesana soemangga!

C. Wastitilah.

PRADJA RAHAJOE.

Panjidra toewoeh ing Dèli.

Sadaja serat kabar petak, Djawi, Meladjeng ramé ngrembag bab panjidraning toewoeh ing tanah Dèli. Sami bantah-bantahan rebat leresing pamanggih.

Ingkang dados dadakanipoen, kados para maos sampoen priksa sadaja, i.p. déné njonjah Lanszaad tanpa dosa katjidra ing toewoeh déning satoenggiling koeli, ingkang ngandoet manah mangkel dateng toewan Lanszaad sémahipoen. Dadakan waoe katoenda déning rekèsipoen para njonjah ing tanah Dèli ingkang boten narimahaken dateng kawontenan poenika; dateng Pangrèhing Negari, ingkang kadakwa tlomé; koendjoek ing sahandap sampéjan dalem Sri Maharadja Poetri.

Ing Volksraad inggih ramé ngrembag bab poenika; warni-warni pamanggihipoen sami rebat leres.

Oetoesaning kaboedidajan ing Dèli lan oetoesan kaoem kapitaal nglepataken Pangrèhing Negari lan srananing negari ingkang kawastanan arbeidsinspectie. Pangrèhing Negari kawastanan tlédor, tlompé, kirang keras, kirang pangoedinipoen anggèné nanggoelang babaja communisme, ingkang ngobong-obong manahing koeli. Arbeidsinspectie kawastanan éwang-éwangen dateng koeli, toemindakipoen kawastanan ngitjalaken adjrihipoen dateng para toewan-toewan poenggawaning onderneming inggih loeloerahipoen; nenangi kapoeroenanipoen lan satemah moerang tata.

Warga Volksraad bangsa petak katah (boten sadaja) ngintjeri dateng koeli, winastan amboeljal tata; ngandoet kadoetan awon, kalebetan ngèlmoe Communisme, sengadja ngraman katentreman. Kosok-wangsoelipoen warga Volksraad sanèsipoen, nglepataken tindakipoen para toewan ing onderneming ingkang atindak sawenang-wenang, boten ngaosi dateng kamanoengsanipoen poen koeli kelarahan. Pentoeng pisoeh ingkang kadawahaken dateng koeli kadamel mirah, malah kadamel sosongaran, kaanggep sanès barang-barang.

Poenale sanctie katoet ketjangking winastan: toeking piawon.

Oetoesaning Negari, toewan Mr. Spit, ingkang medar sabda ing Volksraad, anggènipoen maringi katerangan-katerangan, tjekap lan sampoen maremaken manah.

Ing Soematra pasisir Wétan wonten 350 onderneming, ingkang adjeg kapriksa. Ing wewengkoning 276 onderneming boten naté wonten panjidra, ing wewengkoning 74 onderneming sanèsipoen wonten panjidra kaping 116..... kapétang 30 procent.

Pandjenenganipoen martosaken, bilih ingkang katah-katah sami ngleresaken pamanggihipoen „permanente arbeidscommissie," Kados déné manawi sebab-sebabipoen tindak panjidra waoe sapisan awit déné para koeli sampoen santoen „haloean" santoen pangraos; sami dados wangkot, tjoegetan atèn, toekoel kekandoetanipoen awon, lan kabekta saking indaking pangraos lan pangertosipoen dateng aosing badanipoen, boten pderoen kasawijah kados ingkang sampoen-sampoen.

Déné ingkang dados dadakaning panjidra, sapisan margi kagebag, oetawi katempiling, kaping kalih margi para toewan kirang ngatos-atos ing tindak-tandoekipoen, kadosta misoeh, ngoengel-oengeli, kaping tiganipoen margi pantjèn ketanggor koeli ingkang a w o n manahipoen.

Sebab-sebab waoe, kedah dipoenpèngeti lan tandoekipoen dateng para koeli kontrak kedah éwah, liripoen kasaèkaken lan katjoendoekaken kalijan santoening djaman.

Ing tanah Djawi para toewan onderneming sami langkoeng soemerep dateng raos lan seserepanipoen koeli-koelinipoen, lan inggih sami dipoenpèngeti. Mila kawontenanipoen inggih sanès.

Pramila leres pangandikanipoen oetoesan Paréntah, ingkang toemoedjoe dateng para toewan onderneming ing tanah Dèli lan dateng ingkang njepeng pangoewaosipoen ing tanah Éropa. „Delengen ing tanah Djawa, keprijé beneré (prajogané) tindakmoe marang wong Djawa. Owahana tjara-lakoemoe; nganggoa mèngeti soesoeroepan daja-rasané koeli Djawa."

Tijang Djawi ingkang sampoen sengadja njemploeng ing kontrakan Dèli, nilar sanak sadèrèk, kadang koelawarga, tanah woetah rah doesoen kelahiran; nebihi koeboering loeloehoer, tjekak nilar toeking sih woding katresnan; namoeng ngoengsi gesang, pados panggesangan ingkang mèmper, djeboel sami ketjelik. Antjasipoen njemploeng ing sendang bening, djeboel ketjemploeng ing djoerang tjeroeng, roemaos kagégé pedjahipoen, ndadak mawi keladjeng kapedotan ing sih pisan.

Tjobi kagaliha. Menawi bajaran boten sapintena kaotipoen kalijan tanah Djawi, ndadak mawi katjowok samboetanipoen ingkang katampèkaken kados déné presèn nalika taksih wonten tanah Djawi; sandang teda aosipoen tikel tekoek, dados indaking berahan keserap kémawon. Mangka pandamelan awrat sanget, ndadak dateng wana, kapindeng ing mandor; ngasonipoen sadinten-dintenipoen, ing sawoelan-woelanipoen kirang; gesangipoen ing pondok boten tentrem, katoet dateng pamboedjoekipoen para bèngsèng, badé nglampahi kalimrahan, sémah lan sp. t a n s a h katjoewan, wangsoel dateng tanah Djawi wirang ambebarang, paribasan loenga ora doewé sembet teka ora ketèmpèlan sandang, tambah-tambah kerep sarapan pisoeh, neda (mangan) tempiling. Lo poenika sadaja damel karanta-rantaning manah; wasana angglèwang pandoming raos, dados wangkot, tjoegetan, wantoen, tjengkiling.

Gèk para toewan onderneming tlompé, boten ngertos gligating koelinipoen, kadereng anggènipoen ngadjengaken pendamelan, sageda saja wewah batining onderneming, saja kanggep lan wewah blandjanipoen pijambak; lan margi kasengsem dateng kasenengan, meméngin, ngétjé dateng para koeli, ingkang kantoen koemetjer, ngiler iler, la, manahipoen kagoegah, toewoeh gagasanipoen ingkang boten-boten, keraos-raos, karanta-ranta malih. La, sareng wonten dadakanipoen .... getjos, keproek! ....

Tiwasipoen, déné para toewan onderneming sapramoegarinipoen katah dèrèng kaparingan ènget.

Awonipoen kawontenan ing Dèli sampoen kaontjèkan. Sapoenika kantoen ngentosi kados-poendi ladjeng lekasipoen.

E. S. M.

KOEROE SÉTRA.

FILM SEKATÈN SOLO.

Wadooooh; sekatèn di film. Tenèh pating .... ?

Loemajan èstoe!

Nanging sampoen kagèt, koela boten badé milm kados-poendi woedjoeding stand, tetingalan, riboeting Commissie, poelisi l. s. p.; namoeng badé koela pendeti ingkang gegajoetan lan ébah-ébahaning djaman, djaman samangké; djaman kemadjengan.

Inggih ing wekdal ngaten poenika kanggénipoen Bb. Hercules, klebet wekdal ingkang aos, klebet wekdal pasinaon (?). Sinaoe ngétjé pa? Mangga koela atoeri mbadé! Moeng tjatjadé kok ora ndé dit, arep njoewoen porsekot, oetangé isih sakda ... breg; „toedjoené graties toegang." Adjaa rak sida njetitis.

Sampoen, sapoenika ladjering rembag.

Taksih gandèng lan sekatèn.

Sekatèn sapoenika boten patos ramé kados ingkang kapengker.

— o —

Foelitiek — Handelsfoelitiek — Economie.

Nitik wontening stand; restaurant; saha soedagar ingkang sami sesadéjan ing „Sekaténan" koela saged nginten-inten sapinten ta grading padagangan, handelsfoelitiek saha economie-ning bangsa kita Djawi, Soenda toemoesipoen dateng Indonesiers, ngertos sapinten tetandinganing foelitiek saha economie kita. Dèrèng soemboet, awrat sasisih, ndjalari kirang sakétjaning lampah. Barisan foelitiek saja dangoe saja mindak, inggih mindak katah lan agengipoen. (Sakedap engkas saged oegi wewah malih i. p. „Islam studieclub" initiatief saking sadèrèk Wiwaha. H. B. J. I. B. lan persoon sawatawis). J. I. B. boten gandèng lan foelitiek, déné I.S. tjalon ngrembag. Gegajoetan lan poenika Red. S. T. ngétjé, mbok njang P.S.I. baé, ija ding wong P.S.I. ngemohi Volksraad. Partij redactie sing seneng).

Ana-ana baé!

Ing stand-stand, restourant ingkang ageng-ageng jasan sadèrèk Tjina, katata saé; njebar advertentie oetawi matah tijang kapoerih bebadoetan, wosipoen „advertentie".

Kanggé soedagar Tjina, wekdal kados makaten poenika wekdal kanggé ngadjengaken „organisatie-nipoen". Boten ngamoengaken ingkang ageng: dalasan restourant „Tjap djaé" restourant krépo oegi toemoet mamèraken..... dateng publiek. „Djan Kok Day" stand bregas, tjina beleefd, saged moeloet publiek. Ing Sri Wedari oegi dipoenpasangi. Mila kamadjenganipoen inggih boten nama sakedik.

Soedagar Bombay, bengak-bengok, katah ingkang „onbeschaafd"..

Soedagar bangsa kita (Soenda, Djawi) katah ingkang padjeng boten padjeng inggih namoeng dipoenadep ndagloe, mangka ratjakipoen langkoeng awis tinimbang dinten limrah. Oegi wonten ingkang sampoen ragi modern, ngetjapaken advertentie, dipoendoem-doemaken. Wonten ing-

kang pantes kita tjatet ing ngriki „stand Kratonhuis" saking sad. Sasrasoekartana. Kratonhuis poenika toko piet. Nanging nalika pasang stand, wewah mawi barang sembet, muziek instrumenten l. s. p. Barang-barang waoe asal saking importeur Semarang" déné Hoofdagent wonten Duitschland ing Berlijn. Sad. kasboet waoe namoeng apawitan akal lan temen. Kapitaal akal migoenani sanget. Poenika pantes dipoentoelad.

Saoedara S. Soekartana, Saluut.

Rendeting kamadjenganing dedaganganipoen sad. Indonesiërs margi kiranging Handelskennis lan boten mangertosipoen dateng Handelsfoelitiek.

Mila koela oermati sanget tindaking „Volkslectuur" ingkang ing wekdal sekatèn poenika njebar advertentie kadapoer serat kintoenan, tawin boekoe dagang „Java Code lan Kitab peladjaran memegang boekoe." Volkslectuur pantes ingalembana. Kadjawi poenika Middenstand commissie*), jèn koela boten klintoe sad. R. M. A. A. Djajadiningrat oegi dados warga, mangga koela atoeri noeloengi soedagar² alit² poenika, ingkang saja dangoe saja kadesoek ing padagangan ageng. Koela atoeri manggalih jèn dedagangan poenika satoenggiling rol ingkang fenting, wonten djagading panggesangan.

Rendet lan moendoering dedaganganing sad. kita wonten alangan inggih margi sadèrèk kita katah boten kénging pinitados.

Koela naté dipoentjrijosi soedagar Lawéjan, djaman taoen 1910 katah para soedagar Djawi ingkang dipoenbandani ing „imporsteur Walandi Semarang." Nanging sareng barang telas, arta telas lan katah ingkang minggat. La wasana kandji.

Economie poenika soekmaning bangsa; badéa poenapa-poenapa jèn economie . . . . . . ? P. C. S. ingkang nggregoet anggèn pandjenengan ndandosi economie-ning bangsa pandjenengan! Sinten malih!

— o —

Dr. Puso.

Dr. Puso leeraar A. M. S. ingkang kapatah pangrèh damel Woordenboek Kawi, madjeng sanget mriksani sekatèn lan nggatosaken sajektos dateng kagoenan Djawi. Pandjenenganipoen jèn moendoet kartjis badé mriksani temtoe mawi basa aloes sanget. Ngono ta.

Landbouw — Nijverheid.

Ingkang gegajoetan lan poenika, ingkang kapitontonaken limrah kados adat saben; ingkang pantes kita atoeraken i. p.

a. Gilingan rosan tijang siti saking Batoeretna (damel gendis rosan). Kedjawi Batoeretna ingkang wonten kados mekaten i. p. ing Ponorogo, lan gadjegipoen ing Kediri sisih kidoel oegi wonten. Kawontenanipoen taksih pasadja sanget.

b. Nenoen saking Blora, Banjoewangi, Banjoemas. Wanita Oetama (Ngajodja). Bèdji (Klatèn).

Wanita Oetama klebet ondjo pijambak, saé pranatanipoen, dedamelanipoen kénging kawastanan sami lan pabrik.

Panoentoenipoen sampoen naté toemoet cursus dateng Bandoeng.

Ing wekdal mangké panoentoen waoe kabantoe ing prijantoen sanès, ingkang sampoen jasa pakempalan nenoen ing „Natajoedan" nama „Tiwikrama."

Wanita Oetama pantes ingalembana.

Tenoenan loerik ing Bèdji tansah ketetangi ingkang Wadana ingrikoe. Saged oegi tjalon katata mawi „productie cooperatie". Ngono ta.

Prijantoen B.B., koela atoeri noelad kaactiefanipoen ingkang Wad. Bèdji.

Pakempalan Wanita ingkang mentjoengoel ingriki kedjawi W. Oet. i. p. Boedi Wanita (Protestant). Sadjak ing B. Wanita wonten Crisis, ingkang dèrèng wantjinipoen koela atoeraken ingriki.

C. Handwerken.

Damelanipoen laré² (moerid²) saha goeroe-goeroenipoen; saking Siswarini (Mangkoenegaran; saé sanget, katah ingkang saking soetra dipoenserati (batik). Mardiwara (Meisjesschool Melania vereenigjng; saé, laris, ingkang sadéjan grapjak. Kagatosaken déning publiek. K. W. Solo toemoet mranata bab poenika. P. f.). Ardjoena-school (tjekapan).

Sampoen samanten kémawon. (Mindak ngebak-ebaki papan).

Saluut HERCULES.

KATOER SDR. P. S. ATMASOEDARMA BANJOEMAS.

Koela sampoen nampi paring pandjenengan serat, katitimangsan ping 9 Augustus 1929, lantaran Redactie Sw. Tm., ingkang asoeraos nganggsek wontenipoen openbaar debatvergadering.

*) Mriksanana karangan katja . . . bab „Golongan tetingalan Djawi." Red.

Menggahing wawasan koela, sarèhné serat pandjenengan ingkang sampoen kapatjak ing Swara Tama no. 22 ddo, 12 Juli 1929, poenika sampoen anjekapi angsalipoen tjéntangan saking Red. Sw. Tm.; pramila tjéntangan Red. poenika koela atoeri maos wongsal-wangsoel, mawi pamboeka lan panoetoep sembahjangan ngaping gangsal onze vader lan weesgegroet, soepados noentena angsal pepadang ingkang sadjatos saking ingkang Maha Koewaos.

Taklim koela ngarah saé.

MERTAGATIE.

VARIA

PADOS OENTOENGIPOEN PIJAMBAK.

Wah bingah koela kados poenapa kémawon, déné Swara-Tama pindah dateng Ngajodja, dados koela „Jèn Kober" ladjeng saged njerat ing ngrikoe, amargi wragadipoen mirah, tanpa ngedalaken jatra kanggé toembas prangko (Rak inggih makaten ta Rama Redaktoer énggal? Rama Redaktoer lami koela ndèrèkaken soegeng!).

Pados oentoengipoen pijambak poenika sinten? Ratjak bangsa koela tijang Djawi anggènipoen kepéngin momong anak oetawi anggènipoen njinaokaken anak poenika kabekta saking pados oentoengipoen pijambak. Lo kados-poendi terangipoen? Ngadat manawi tijang njinaokaken anak poenika perloenipoen: béndjing manawi sampoen tampi blandja, ingkang dipoenpoedji-poedji, sageda blandja katah, ladjeng manawi betah, kénging dipoentedani arta. Poedjinipoen: Ja, nggèr, dakpoedjèk-poedjèkaké gelis dadi prijaji, gèk ndang bisa ngingoni wong toewa.

Ingkang kados makaten poenika toemrap kita tijang Katoelik, kedah dipoensingkiri. Tijang Katoelik kapéngin gadah anak oetawi jèn sampoen gadah anak, ingkang nomer satoenggal kedah amrih indaking kamoeljan Dalem Goesti Allah, inggih poenika soepados tambaha tijang ingkang ngabekti dateng Goesti Allah. Mila tijang ingkang boten gadah anak, poenika kedah alitipoen boten kénging groendelan, agengipoen boten kénging ladjeng pegatan, amargi Goesti Allah pantjèn dèrèng oetawi boten marengaken. Bokmanawi karsaning Goesti Allah soepados tijang waoe moepoea laré ingkang boten kopèn. Ladjeng ingkang nomer kalih: anggoeia-wentah anak oetawi moepoe anak poenika, soepados béndjing manawi sampoen sepoeh wontena ingkang nggoematosi.

Witèkné apa ora éntoek ndjagakaké marang anaké? Apa jèn wong toewa kemlaratan ija dienengaké baé?

Lo andjagèkaken anak inggih kénging kémawon, nanging poenika kedah kanggé angka kalih, awit jèn boten makaten saged kelampahan ketjoewan, amargi andjagèkaken endogé si blorok. Mangga oepami wonten tijang gadah anak, dipoenimpi-impi badé dipoenngèngèri, woesana tilar donja, ladjeng kados-poendi? Poenapa ladjeng nggroendeli dateng Goesti Allah? Lah poenika boten kénging.

Kita tijang Katoelik kedah mangertos saèstoe, bilih dipoen-gadoehi anak poenika boten soepados ing béndjing kénginga dipoentedani pitoeloengan. Saged mitoeloengi tijang sepoeh, inggih prajogi, jèn poenika dipoenkarsakaken déning ingkang maringi gadoehan. Nanging nomer satoenggal anak poenika kanggé ingkang Koewasa. Jèn panganggep kita dateng anak kados makaten, oepami anak ingkang dados aleman kelampah dipoentimbali ing Pangéran ndikakaken dados Imam oetawi mlebet ing klooster dados Broeder, oetawi jèn èstri dados Zuster, tijang sepoeh temtoe gadah pangraos bingah, déné saking saéning panggoela-wentah, ngantos anakipoen dipoenpilih ing Goesti. Saged oegi kelampahan pangraosipoen radi tjoewa, nanging poenika namoeng nama pangraos, boten kénging dipoenkipataken, saminipoen tijang ingkang boten pitados dateng memedi, éwasamanten gitok asring mengkirik.

Ing sapoenikanipoen, manawi kita tijang Katoelik anggèn kita andjagèkaken dateng anak boten kénging kadamel nomer satoenggal, gesang kita kedah dipoenpranata, tegesipoen: sesimpen, soepados ing béndjing jèn sampoen sepoeh taksih saged madeg pijambak. Kados-poendi anggènipoen sesimpen waoe, satoenggal-toenggalipoen saged ngetjakaken pijambak sarana njèlèngi arta lsp.

„Jèn Kober".

SOENAT LAN PRELOE

Temboeng poenika sapoenikanipoen koela remeni sanget! Djalaran jèn dipoentengenaken, sok oegi boten klintoe panglarasipoen, ladjeng mahanani kedadosan saé lan prajogi ingkang pinanggih.

Soenat! Sapamireng koela ateges: „bab ingkang jèn dipoenlampahi mahanani kaoetamèn, jèn boten inggih boten dados poenapa! Déné „Preloe" merdèni prekawis ingkang kedah linampahan, awit jèn boten linampahan mahanani kapitoenèn!

Kaprahipoen Soenat teges *boten kedah (kaoetamèn)*. Preloe teges *kedah (wadjib)*.

Menggahing ngagesang babagan lair.¹)

Pradja ²) *poenika klebet soenat* ingkang preloe *ngrembag teda!*".³)

„Prijantoen pradata, *ngapoenten oetawi njoeda oekoeman* poenika soenat, déné ingkang preloe „*adilipoen*".

Toemrap pengageng! *ngGandjar* klebet soenat, *nanging ngerèh* klebet preloe. Kanggéning rèrèhan, *ngoepados alem* poenika prakawis soenat, ingkang preloe *anggènipoen mbangoen-toeroet*.

Ngoegemi atoer koela inggih koela ladjeng koemapoeroen ngroemijini ngringkes, sawarnining bab saroepining prekawis, poenika kedah ngetjakaken soenat lan preloe. Kantoen sésa-sésa pamilihipoen kémawon kleresan poenapa boten.

* * *

Rèhning nitik gelar jekti panggajoehing „*kamardikan*" poenika klebet soenat, jèn tinanding lan panggajoeh *kadradjadaning bangsa!* (ingkang kedadosan saking tripoeroesaning kabetahan, banda, woelang lan soesila). Jèn njata doemoekan poenika boten dora, koela ngasih-asih dateng djempol-djempol Indonésijah, kersaa nengenaken nenoentoen dateng pangoedining „*tripoeroesa*" waoe roemijin! Awit temenipoen dateng 3 prakawis poenika, oemat Indonésijah taksih ngorong sanget.

Soemangga sawoengan (djanggar) Indonésijah, pandjenengan ingkang taksih koewagang; marsoedia dateng saoelah kridaning sarana ingkang mahanani saéning *tri prakawis waoe*.

Koela jakin jèn sad. kita manawi ndahar igoeh 3 prakawis poenika angèl sanget klebetipoen déning katingal pait kados ron katès. Kosokwangsoel dateng igoeh mboetjal arta, boten badé ketelasan mergi. Gampilanipoen manoehipoen kados kataman dajaning kretoe lan klembak menjan sasaminipoen. Ingkang tepang gampil raketipoen.

O, béndjing poenapa sad. kita saged ngertos nandjakaken *soenat preloe*. Sarta ingkang sampoen ngertos, pikantoek margi gampil kanggé *nggajoehaken kapreloean ingkang sedjati!* Kados teka boten mokal. Jèn angèlipoen pantjèn njata!!

Noewoen. *Bajoewara.*

¹) Kebatosan sampoen wonten ingkang kagoengan bagéan! Bj. boten saged ngrembag mindak kedjoerang!
²) Maatschappij.
³) Noen?? Red.

SENINDJONG GODOG.

Bisschop tenan apa pjé?

Nembé mangké D.K. martosaken bilih p. t. Bisschop *) Leadbeather mentas sesorah wonten ing „Loge" Solo. Menawi boten lepat, loge poenika mesdjidipoen tetijang Theosophie!

Lo, lo, lo! Kados-poendi poenika? Mangsa, Bisschop lah kok saba loge!!? Ta, rak boten lidok mangsakan koela kapengker poenika. Pantjèn djamanipoen saweg wekdal: „balapan-djor-djoran!" Dalasan . . . lo, barang soetji, Sang djinebadan, djeboel dipoendjori; . . . . Kok ada-ada sadja dong! Ingkang makaten poenika rak adamel klèntoe lan mengengipoen golongan ndjawi (sanès) ta?

Nanging barang tiron oetawi palson poenika boten kénging boten, mesti mlètjèt, itjal sepoehipoen. Ingrikoe badé kawijak wadosipoen!

Poenapa ngedjori ingkang kados mekaten poenika, boten kénging kagoegataken dateng ingkang wadjib?? Margi tijang remen malsoe poenika pantes tampi „djéwéran."

Anggoemoedjengaken!

Tijang poenika (sadaja kémawon boten soesah pilih-pilih), sok katah ingkang goemampil, senadjan dèrèng mangertos gelat-gelitanipoen, inggih koementoes njandra! Mesti badé toena-doengkap, toer sok dados gegoedjenganing sanès. Oepami koela njandra tanah Europa, mesti boten badé saged kanti trep, djer poentjising boewana Europa kémawon koela dèrèng naté ngidak.

Éwadéné sad. T. Sastra ing D.K. no. 167 njerat makaten: „Diloear serambi berdjalan-djalan toean pastoer membawa Mardirahardja." La, la, ja ta kono! Mardirahardja poenika koran woelanan kawedalaken kanti graties déning kempalan Zending! Hara, harak loetjoe malih ta??

Ngendi ana Z.E.W. Pastoor djaré propaganda agama Protestant! Èh, ndjing malih jèn dèrèng ngertos, ampoen njerat makaten nggih!

Adja anggeré ngendika!

Noedjoe satoenggiling wekdal, doro mantri Tjatjar saweg njoebliki laré² lan tetijang ing doesoen bawah Bandjarnegara. Doro mantri Tjatjar nimbali tijang nama A, woesana B ingkang sowan (margi nama mèh sami); lah poenika doro mantri doeka, sarwi ngandika: „Ah! wong sing dakoendang A, lah kok B sing teka. Ja koewi wong nggeré koerang pengadjaran . . ." enz.

Lho, manawi tijang doesoen taksih katah ingkang kirang . . . waoe, njata! Nanging toh bab klèntoe pamireng, sampoen dipoen-gandèng kalijan kirang pangadjaran. Toh tijang intellectueelen oegi sok wonten ingkang klèntoe pamireng??

Jah, doro ki mbok ja adja anggep-anggepaaaan! Jèn mila klèntoe inggih dipoendoenoengaken.

Oepamia kapilih . . . . ?

Koela ningali daftar sawoeng-sawoeng lid R(aad) K(abopatèn) district W ing B, wonten ingkang moengel: NN agent Poelisi, AA poelisi doesoen. Jektos lo! Saboten-botenipoen lid-lid R.K. poenika rak sok perang tjatoer kalijan Sang Bopati ta? Oepami (lo ming oepama!) sawoeng kaseboet waoe kapilih, mestinipoen jèn voorzitter R.K. (Bopati) dawoeh oetawi poerstèl-poerstèl, lid-lid kaseboet namoeng mangsoeli: „Noen inggih (sembah . . . . . . mesti!) sandika, tjoemadong asta kalih, bendara Kangdjeng." *)

Koeminis-me manitis?

Augustus tanggal kapisanan poelisi „hamba-hamba wet" sami anggropjok lan ngglédahi grija-grija (oetawi kantoran)-nipoen lid-lid sarta pemimpin S.K.B.I. (kempalan kaoem berah Indonesia). Ingkang kaglédah ing Soerabaja (centrum), Solo, Djocja, Semarang. Ingriki poelisi manggih titik bilih S.K.B.I. gadah actie gandèng koentja kalijan Koeminis made in Rusland! Mila pemimpin-pemimpin S. K. B. I. katah ingkang sami dipoentahan.

Koela boten badé ngabaraken sadaja waoe kanti komplit, djer sadaja serat kabar sampoen sami ngewrat.

Lo goemoen koela poenika ngèlmoe Koeminis kok inggih gadah manitisan barang! Nanging negari mesti boten kekilapan.

Gegajoetan lan actie S. K. B. I. waoe, Mr. Koesoema Soemantri oegi katjepeng ing poelisi, kaglédah! . . .

Indonesia — Poetera negeri.

Nembé mangké djronalis Aller lan S. Tj. S. sami paben wonten ing Darmakanda; maben poenapa?? O, ming reboetan bener: temboeng „Indonesier" lan „Poetera negeri." Dados kénging poen wastani: „Indonesier contra Poetera negeri."

Djronalis Aller nganggé temboeng „Poetera negeri" wonten Darmakanda, djornalis S. Tj. S. boten ngroedjoeki, awit temboeng Poetera negeri = Boemipoetera = inlander, . . . temboeng kolot, boten gadah literaire waarde, nandakaken asor, lan nista.

Gentos panjerat Aller madjeng, mangsoeli noekartanipoen djronalis S. Tj. S., wosipoen: temboeng poetera negeri oegi saé, prajogi poen anggé; malah mastani bilih pabenan temboeng poenika waoe, namoeng barang sapélé enz. . . . .

Sang S. Tj. S. sampoen djadja bang mawinga-winga, ... pandjang lébar nerangaken asor lan nistanipoen temboeng poetera negeri. Malah ladjeng apratignja (menarik conclutie), jèn D. K. taksih badé nganggé temboeng „Poetera negeri," sang S. Tj. S. trimah „klilan moendoer saking Darmakanda . . . ."

Ééé, ming madoe temboeng kok sadjak pada sereng; rak sasat „madoe baloeng tanpa isi." Bok inggih sampoen, sang A ngawoni, kanggé njatoenggalaken basa sarta bangsa, lan kanggé ngagengaken raos kabangsan, teroesa mawi temboeng: Indonésier, en Indonésia. (Sanadjan toch dèrèng wonten opisilipoen —) „karebèné mantep kok."

Bahagia toemoet kesénggol, t. Joenoes hopdaktoeripoen mampang (bis); lah ladjeng santoen dadakan! Sang S. Tj. S. boten kèndal kémawon, inggih tjantjoet tali wanda..... ngantos (badé) mastani: „si Joenoes djornalis jang bersemangat dan berhati kodok!" É, la, kok pidjer bentjerengan (toer da kantja déwé) kémawon ta. Hem, mana itoe tjita (pindo) „persatoean?"

Djoeroe mangsak

KLENTRENG P. M.

*) namoeng ngaken-aken dados Bisschop. red.

*) ingkang dipoensoewoen inggih sampoen makaten, malah sageda njaosi pamanggih, sebab tijang doesoen katah ingkang asring tjoemeplos. red.

SINTEN INGKANG SAGED NGOEDARI.

Sarèhning ing taman kita Sw. Tm. saweg sami dedreg ngrembag prakawis samining wanita kalijan prija, pramila koela badé njoewoen pepadang dateng para maos, ingkang sami damang dateng prakawis ingkang dados rembag, poenapa sebabipoen déné:

1. ing basa Welandi wonten paraban: het zwakke geslacht kanggé sadèrèk wanita?
2. ing dolanan Djawi wonten temboengan: djaka loro sigar, perawan sigar salatar?
3. sadaja wanita, Welandia, Djawia, Tjintena (Tjina-a) enz. menawi saweg ngandeg (wawrat), pangadjeng-adjengipoen mbok inggih djalera anakipoen ing mbéndjing. „Ah, mbok lanang ja anakkoe iki mbésoek". Lo, . . . teka boten kosokwangsoel?

Mangga, sinten ingkang saged ngoedari pitakénan ing nginggil waoe?

Mangga, sadèrèk wanita, setalpèn dipoenasta noenten kaajatan No. 3 kémawon dipoenbatang roemijin, awit poenika prakawis ingkang sampoen tjeta wéla-wéla lir . . . wedi meléla!?!

Poen moeda poenggoeng:

T. R.

OERAP-SARI.

KABAR KATOELIK.

Grija sakit „Onder de Bogen" dipoenbarkahi.

Kala Setoe ingkang kapengker (24 Agoestoes) grija sakit „Onder de Bogen" dipoenbarkahi déning Kangdjeng Biskop. Kintenkinten ngadjengaken djam 9 éndjing para tamoe ingkang dipoensedahi sampoen sami nglempak: kakoeng poetri, Djawi Walandi. Pangarsa K. W., P. P. K. D. lan W. K. ing Ngajodja inggih sami andjenengi. Djam 9 Kangdjeng Biskop rawoeh, agem-agemanipoen woengoe. Sasampoenipoen paring barkah dateng para tamoe, ladjeng tindak dateng kapel, sadaja sami andèrèkaken.

Djam 9 langkoeng gangsal menit Kangdjeng Biskop mijos saking sakristi ngagem koorkap lan mijter (wangkidan) kaamping-ampingan Imam kalih. Ladjeng wiwit moebeng-moebeng. Zuster satoenggal mlampah wonten ing ngadjeng minangka dados pandoe. Wingkingipoen: ingkang mbekta salib, lilin, Kangdjeng Biskop, ingkang mbekta wadah toja soetji, para Pastoer, Broeder prijantoen poetri, ladjeng prijantoen kakoeng. Sadaja wonten boten tebih saking sèket oetawi sawidak.

Dangoenipoen moebeng ambarkahi wonten satengah djam. Saben kamar dipoenlebeti, dipoentjiprati toja soetji. Sampoen masti kémawon salebetipoen moebeng waoe, sembahjangan boten kendat dipoen wongsal-wangsoeli. Sareng sadaja sampoen binarkahan, Kangdjeng Biskop tindak dateng kapel, ladjeng dateng sakristi ngroetjat koorkap lan wangkidan.

Kangdjeng Biskop sarta para tamoe noenten sami dipoenatoeri lenggahan wonten ing kamar ageng, ingkang asring kanggé dahar para Zuster. Sasampoenipoen sami aso sakedap, Rama Schmedding djoemeneng amedar sabda. Pandjenenganipoen njaosaken atoer *panooewne* lan *poedjyastoeti* dateng Kangdjeng Biskop. Atoer panoewoen, déné karsa rawoeh pijambak perloe ambarkahi. Poenika nandakaken bilih Kangdjeng Biskop ngaosi dateng jejasan poenika. Pramila atas namanipoen para tijang Katoelik sa-Ngajodja, langkoeng-langkoeng atas namanipoen Pangrèh, Kangdjeng Biskop dipoentjaosi atoer panoewoen, déné sampoen manggalih lan paring pitoeloengan amrih madegipoen jejasan poenika Poedjyastoeti: Moegi Goesti Allah maringana barkah dateng ingkang sami manggèn ing ngrikoe, soepados saja mindaka sempoeloer. Rama Schmedding ngatoeraken dateng para Zuster ing ngrikoe inggih poenika poedjyastoeti saking para Zuster Franciscanes, ladjeng ngandika: moegi-moegi grija sakit poenika boten ngemoengna saé margi wonten plengkoeng-plengkoengipoen, nanging oegi saé, amargi katresnanipoen tijang Katoelik Ngajodja dateng sasaminipoen ingkang sami nandang papa, katingal wonten ing ngrikoe. Sanadjan Ngajodja poenika tijangipoen Katoelik namoeng sakedik, éwasamanten saged jasa grija kados makaten, mila pantes jèn Kangdjeng Biskop sinaosan poedjyastoeti, awit sadaja poenika rak méndanipoen Kangdjeng Biskop. Nalika sami moebeng-moebeng, temtoenipoen

sadaja sami pirsa panggènan ingkang dèrèng dipoendegi grija. Béndjing badé dipoendegi, soepados saja katah anggèn kita ngatingalaken katresnan. Ing wingking badénipoen kasoekanan papan kanggé tijang ingkang boten saged ambajar. Sampoen. (Keplok).

Kangdjeng Biskop toemoenten djoemeneng, ngandika bilih ngrekaos nandingi sesorahipoen Rama Schmedding. Kangdjeng Biskop inggih paring poedjyastoeti dateng Pangrèh, déné jejasanipoen sampoen andjenggeneg kados makaten. Ing salebetipoen 10 taoen ing ngriki sampoen wonten grija sakit 6: Carolus, Borromeus, Tjandi, Soerabaja, Malang lan ngriki poenika. Tanda jèn Pasamoewan poenika mempeng. Kados makaten poenika nélakaken agenging pitados kita. Kangdjeng Biskop ngalem dateng Pangrèh, anggènipoen badé mitoeloengi tijang sakit. Mitoeloengi tijang sakit poenika saleresipoen mitoeloengi Goesti pijambak. „Rahajoe wong kang ambek-welasan, awit bakal olèh kawelasan." Pangrèh oetawi tamoe-tamoe sami kapangandikanan, soepados teroes anggènipoen sami ambek-welasan. Kangdjeng Biskop noenten paring poedjystoeti dateng para Zuster, déné sami ageng katresnanipoen dateng tijang sakit. Moelasara tijang sakit sadjatosipoen moelasara Goesti pijambak. Kandjeng Biskop kagoengan pangadjeng-adjeng, soepados barkahipoen Goesti tansaha loemintoe. Nanging kados déné Santo Bartolomèjoes sadèrèngipoen minggah Swarga mawi nandang sangsara roemijin, dipoenmartelar. mila saged oegi kalampahan, jèn ing ngriki Goesti Allah paring tjobi. Dados dipoenageng pitadjengipoen! Sampoen. (Keplok).

Bakda poenika toewan Schmutzer maos tilgram saking Rama Superior. Ladjeng para tamoe dalah para Zuster dateng ngadjengan perloe dipoenpotrèt lan dipoenfilm. Nalika moebeng-moebeng, inggih dipoenfilm déning toewan Weer. Kala dipoenpotrèt, sadaja kedah anteng, boten kénging ébah. Ngadat wonten ing potrèt sami katingal mrengoet-mrengoet. Kosok-wangsoel kalijan jèn dipoenfilm, kénging goemoedjeng lan omong-omong. Dadosipoen noenten kados oemik-oemik.

Ladjeng djam sawelas langkoeng sakedik, bibaran.

Imam ing Toerki dipoenpedjahi.

Kala awaling woelan Djoeli toewan Pastoer P. Emikhamim dipoenpedjahi wonten Diarbékir ing Toerki.

Imam waoe pikantoek dawoeh saking goepernoer ing Diarbékir: dinten Senèn bakda riaja Paskah (Paaschmaandag) boten kapareng nindakaken lampah ngibadah.

Imam waoe inggih noehoni dawoehipoen, nanging ladjeng kintoen tilgram dateng Mustapha Kemal Pasha boten narimahaken tindaking goepernoer ingkang sawijah-wijah poenika.

Let sawatawis minggoe, wonten tijang Toerki sawatawis dipoenpangagengi opsiring poelisi, nglebeti dalemipoen Pastoer waoe. Tetijang ingkang dakmenang poenika ladjeng ngojak-ojak abdinipoen toewan Pastoer. Wasana ladjeng misakit Imam waoe, lempèngipoen karemoek mawi salib.

Éndjingipoen pangageng Toerki njepeng tijang Katoelik katahipoen 30, sami tanpa dosa. Koran-koran ing sa-Libanon sami boten narimahaken déné koran-koran Toerki boten tjoemoewit poenapa-poenapa, malah njarijosakan pawartos waoe kémawon, boten!

Oetoesan Belgi.

Sawoelan kapengker oetoesan Belgi atas sang Praboe kalijan paréntah Belgi, ngoendjoekaken pangènget-ènget dateng ngarsa dalem Kangdjeng Santo Bapa awoedjoed wadah sekar sakalangkoeng pèni damelanipoen pabrik Val Saint Lambert.

Prijagoeng ngengkeraken kadonjan.

Parijsche Journal saking Rome amertosaken bilih pangéran Paterne kalijan poetri Paterne, sami ngemohi kadonjan, malebet dados ngoelama. Ingkang satoenggal dados Pastoer, satoenggalipoen Zuster. Bandanipoen prijantoen ageng kekalih waoe kateksir wonten 25 mlijoen lire sadaja waoe kaoendjoekaken dateng saandaping sampéjan dalem Kangdjeng Santo Bapa. Mas, intenipoen sang poetri boten kirang saking pangaos 10 mlijoen lire (1 lire kirang langkoeng kalih tèng saesèn), poenika katjaosaken S. Rosalia ingkang sakedap malih tjalon karetja wonten Palermo.

Dr. J. Kramers séda.

Tanggal 14 Agoestoes pandjenenganipoen Dr. Kramers ahli ilmoe pamisah, maha goeroe ing Nijmegen, séda.

Mijosipoen Pastoer Dr. Kramers S. J. poenika wonten Schiedam kala taoen 1865.

Pangajomanipoen para Imam ing sadjagad.

Nawala dalem kangdjeng S. Bapa dateng Kg. Biskop Belley anetepaken bilih S. Johannes Maria Vianney („Pastoor van Ars") dados pangajomanipoen para Imam ing sadjagad ingkang apangkat Pastoer.

KABAR OEMOEM INDONÉSIA.

Reorganisatie s'Landskassen.

Administratiening s'Landskas lan ondercollectekas sak Indija badé dipoenéwahi. Nalika tanggal 1 Januari taoen poenika minangka pertjobaan Goepermèn sampoen damel éwah-éwahan wonten ing afdeeling Kediri. Ing ngrikoe ondercollectekas dipoendadosaken hulplandskas; administratiening s'Landskas-s'Landskas Kediri Blitar, Ngandjoek lan Toeloengagoeng, hulpkassen Paré, Kertosono, Wlingi, lan Trenggalèk dipoenkempalaken dados satoenggal wonten ing administratieka toor Kediri. Béndjing tanggal 1 September ngadjeng poenika administratiening s' Landskassen lan hulpkassen ing afd: Madioen lan afd: Pononorogo oegi badé gecentraliseerd dateng Kediri. Déné Administratie kantoor ing Ngajogjakarta wiwit 1 October ngadjeng poenika dipoenbebahi njepeng administratie 2 s'Landskas Djokja, Solo, Magelang, Poerworedjo, Wonosobo, hulpkassen Moentilan, Temanggoeng, Koetoardjo, Bandjarnegara. Ing panggènan ingkang sampoen wonten éwah-éwahan, (waar de reorganisatie is doorgevoerd) toewan Algemeen Ontvanger namoeng dipoenbantoe kassier.

* *
*

Kangdjeng toewan P. R. W. van Gesseler Verschuir resident ing Midden-Priangan, kabenoem dados Goepernoer ing Ngajodja, nggentosi Kangdjeng Toewan Goepernoer Jasper. Kangdjeng Goepernoer énggal sampoen katah lelabetanipoen dateng paréntah, radi keras, nanging adil!

Njonjah dados Islam.

Pewarta Dèli njarijosaken bilih Koeta Radja mentas kadatengan njonjah Perantjis kinten-kinten oemoer 35 taoen. Manoet tjarijosipoen poenapadéné serat-seratipoen, tjeta manawi njonjah waoe dados Islam wonten Padang. Soewaoe pijambakipoen nama Eda sapoenika santoen nama Djénab. Wonten Kota Radja ngrikoe sowan Tengkoe Radja Kemala, dateng panggénanipoen ngoelama-ngoelama Islam poenapa déné mlebet mesdjid ageng. Tetijang Kota Radja langkoeng-langkoeng Prijagoeng ngrikoe sami soemanak sanget dateng njonjah waoe, ngantos pijambakipoen saged pikantoek sedekah arta pinten-pinten atoes. Njonjah Djénab sampoen dangoe dados randa sarta boten gadah anak. Anggènipoen ngadji fasèh sanget, omongipoen tjara Padang inggih loewes. Manawi prabéjanipoen sampoen tjekap pijambakipoen badé dateng Mekah.

Katjarijosaken oegi bilih nalika moedoen wonten Langsa, tansah dipoenoelat-oelataken mata² kémawon. (— Kénging poenapa déné dipoenoelat-oelataken mata-mata, wonten Pew. Dèli ngrikoe boten katjarijosaken.— *Red. Sw. T.*)

Uitsluitend voor Inlanders kalijan Klas moerah.

Swara-Tama (lan oegi serat-kabar sanèsipoen) sampoen naté njaroewé N.I.S. anggènipoen sadjak njapèlèkaken golongan Priboemi, margi ing gerbongipoen ingkang kanggé klas mirah sineratan: „Uitsluitend voor Inlanders" (Moeng kanggo wong Priboemi).

Dèrèng dangoe poenika kantja redactie wonten ingkang kékésahan noempak N.I.S. lijn Djokja-Magelang, soemerep: panggénan gerbong ingkang sineratan uitsluitend voor Inlanders waoe sampoen tinoetoepan kertas mawi dipoenserati „klas moerah."

Sanadjan boten sadaja gerbong sampoen sineratan makaten, nanging sampoen tjeta N.I.S. ngéwahi adatipoen sakawit. Ingkang makaten poenika poenapa margi dajaning serat-serat kabar gandèng oegi kalijan anggènipoen kaedjoran montor bis?

Dr. Satiman.

Dr. Satiman mentas loeloes iksamenipoen dokter wonten nagari Walandi. Manoet tjarijosipoen A.I.D. Dr. Satiman waoe badé ngladjengaken sinaoe oelah anggering pradja. Dr. Satiman poenika sadèrèkipoen sepoeh dokter Soekiman panoentoening P.S.I., ing Ngajogjakarta.

Anjegah sampoen ngantos bangsa ngriki boten ngertos seratan.

Dèrèng dangoe poenika Indon. Studieclub ing Soerabaja ngawontenaken parepatan, dipoenpangarsani Dr. Soetama.

Wonten parepatan ngrikoe angrembag anjegah analphabeten i. p. njegah sampoen ngantos bangsa kita poenika boten saged maos toewin njerat. Parepatan ladjeng ngawontenaken panitya tinanggenah njinaoe rembag-rembag ingkang gagajoetan kalijan panjegah analphabeten waoe, wasana sageda Studieclub ladjeng anandangi kalajan jakin lan mempeng. Déné ingkang dados warganing panitya sadèrèk: Koesmadi, Parjadi, Rahardja, Soenarja toewin Soekiman.

(Kita toemoet moemoedji amrih kasembadaning sedyanipoen Studieclub ingkang loehoer poenika. Kita gotrah Katholiek wedalan Moentilan temenipoen kémawon wiwit wonten sakolahan sampoen dipoenwidjèni sarta dipoensinaoe atetoeloeng moelang bangsa kita ingkang boten ngertos pa pintjang oetawi a. b. c. Poenapa perloenipoen déné kala samanten ginagoelang kados makaten, poenika pandjenengan sadaja gotrah Katoelik wedalan Moentilan temtoe saged ambatang pijambak. (Red. Sw. T.)

Coöperatie Moeda Sraja.

Bahagia njarijosaken pakempalan babaton Moeda Sraja ing Tajoe mentas ngawontenaken parepatan ingkang noentoen sadèrèk Sastrawijata goeroe Zending ing ngrikoe. Katjarijos pakempalan waoe sampoen anggadahi warga 106, aandeel 121, arta kas f 1310,66. (Saja katah pakempalan ingkang anandangi bakoehing economie, saja prajogi! *Red.*)

Al Arabia Congres.

Katjarijos, para anèm bangsa Arab ing Betawi lan sadjawinipoen Betawi, katoewoehan nijat badé ngawontenaken konggrès kanggé sadaja bangsa Arab ing ngriki, perloe angrembag prakawis politiek, oemoem, lss. Manawi saged badé manggèn wonten Djawi Tengah oepami ing Pakalongan, awit ing ngrikoe katah sanget tijangipoen Arab ingkang andjangka kamadjengan.

Manoet *Bat. Nieuwsblad* koenggrès waoe langkoeng-langkoeng badé amerlokaken ngrembag onderwijs.

Kantor kanggé réntjang.

Kaseboet ing *Bahagia,* kantor pakarjan (kostelooze arbeidsbeurs) ing Straat Boentoe no. 18 Semarang, sapoenika ambikak kantor énggal kanamakaken Bediendenkantoor. Bediendenkantoor poenika waoe kawadjiban ngoepadosaken baboe, djongos, sopir lss. kanggé para ingkang betah, lan inggih ngoepadosaken padamelan dados baboe, djongos, sopir lss. dateng tijang ingkang betah njamboet damel kados makaten.

Tetroeka dateng Soematrah Wétan.

Wonten wartos, samangké nagari badé njobi andatengaken tijang tetroeka saking kadjengipoen pijambak, wonten tanah Soematrah Wétan perloe kanggé kaperloeanipoen Dienst Locale werken ing Médan. Kadjawi poenika oegi badé njobi ngintoenaken tijang bebara mardika, dateng tanah kolonisatie satjaketipoen Pematang Bandar ing Simeloengoen lan tanah Karo. Manawi karsa ingkang makaten waoe kadadosan dipoenladjengaken, bokmanawi kémawon mantri kolonisatie ing Pematang Siantar badé kadatengaken dateng tanah Djawi perloe mranata lampahing tijang bebara ingkang mardika waoe.

Paos boten badé medak.

Toewan Van den Bussche wawakiling Paréntah babagan arta, wonten Raad Kawoela tanggal 14 Agoest. ngandikakaken bilih paos boten saged kaedakaken.

Parepatanipoen para assistent kebon.

Aneta martosaken saking Médan kala 13 Agoest., bilih para assistenkebon ing ngrika mentas sami parepatan, anetepaken damel panitya tinanggenah manah adeging pakempalan toewan-toewan onderneming (Plantersbond) kados déné Avros kalijan D.P.A. Déné ingkang dados warganing pakempalan waoe toewan-toewan assistent, administrateur, boekhouder-onderneming, dokter-onderneming lss. Kala samanten ingkang sagah dados warga sampoen wonten 217.

Koeli kawangsoelaken.

Samangké poenika katah koeli-koeli kontrakan oetawi boten ingkang kawangsoelaken saking tanah Soematrah dateng tanah Djawi, margi kaanggep ambebajani.

Kantor-kantor ngoepados koeli, katah ingkang sami pikantoek aba soepados ngatos-atos sanget anggènipoen ngoepados koeli sampoen ngantos kalebetan tijang ingkang pantjèn boten pantes kalakoeanipoen.

Babagan bebara saking kadjengipoen pijambak (vrije emigratie) poenika toemindakipoen boten gampil kados gagasan sakawit. Djer, tetijang ingkang sami pikantoek voorschot ladjeng katah ingkang ngitjal. Nembé poenika koeli 41 ingkang pantjènipoen kanggé maskapé lisah patra ing tanah sabrang, lan inggih sampoen tampi voorschot, ingkang dateng wonten papaning njamboet damel namoeng wonten satoènggal. Déné ingkang 40 sami ngitjal. Ingkang makaten waoe mesti kémawon andadosaken toenanipoen onderneming, awit kadjawi voorschot oegi angedalaken arta kanggé lampahing tijang ingkang ngoepados koeli. Manawi kados makaten onderneming boten saged poenapa-poenapa margi boten nama nerak pradjandjian. Inggih saged onderneming ladjeng nindakaken lampah politie, nanging ngadat boten sami nindakaken margi rèwèl toer mawi ragad; mila inggih ladjeng namoeng kèndel kémawon. Ngèngeti kawontenan poenika toemraping onderneming langkoeng seneng koeli kontrak mawi kadjiret poenale sanctie tinimbang koeli mardika... Makaten pamirengipoen *Aneta.*

Ing Madoera tjalon wonten patjeklik??

Manoet kabar-kabar ing salebetipoen *N. S. Crt.* semoe-semoenipoen Madoera badé kambah patjeklik.

Margi kekirangan djawah, pamedalipoen tanah Madoera ladjeng soeda. Tetijang tani katah ingkang dateng tanah Djawi perloe njamboet damel wonten onderneming. Tijang sadé pamedalipoen siti inggih boten katah kados taoen-taoen ingkang kapengker. Panènan djagoeng saged-sagedipoen béndjing akiring woelan Febr. '30. Nitik saking poenika, inggih leres sapoenika Madoera boten kambah patjeklik, nanging béndjing

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

GOEROE MARA TANGAN.

Wonten serat kabar Sedya Tama woelan Agoestoes. (— tanggal pinten, nomer pinten, . . . kesoepèn boten koela pèngeti —) sadèrèk D. Kr. njerat kados ing ngandap poenika:

„.....Nalika dinten Kemis tanggal kaping 25 — 7 — '29, laré nama R. Moedjana. moerid pangkat V ing sakolahan sambetan R. K. ing Toeri, dipoensakiti déning goeroenipoen, katoetoek sarana garisan pasagi ing sirahipoen rambah kaping 5, ngantos biroe èrem. Déné sababipoen mitoeroet omonganipoen laré, kalepatan boten saged anggarap étang.

Éndjingipoen 26 — 7 — '29, laré boten saged loemebet sinaoe amargi sakitipoen ngrekaos, katanda neda boten adjeng, lan namoeng loemah-loemah kémawon dèning sakitipoen.

Let dinten saking kadadosan waoe, goeroe ingkang noetoeki waoe ladjeng dateng ing grijanipoen laré, perloe kepanggih bapakipoen, neda pangapoenten. Mitoeroet saking tjarijosipoen sadèrèkipoen djaler laré waoe, bapakipoen badé neda leleresan dateng pastoeran. Jèn leleresan waoe kirang maremaken toemraping kadadosan makaten poenika, tijang sepoehipoen ladjeng badé goegat medal ing poendi leresipoen.

Tanggal 27 — 7 — '29 tijang sepoeh lan sadèrèkipoen djaler R. Moedjana waoe, ladjeng dateng ing Morangan (Medari — Ptj. Mrh.) (grombolan R. K.), preloe nglapoeraken tindakipoen goeroe ingkang tjengkiling waoe. Saking tjarijosipoen ingkang dateng Morangan waoe, angsal wangsoelan kapoerih njabaraken lan sampoen ngantos kadamel prakawis, amargi kirang prajogi. Wangsoelan oetawi poetoesan kados makaten poenika poenapa sampoen maremaken (trimah) toemrapipoen dateng ingkang lapoer, poenapa dèrèng, koela dèrèng angsal kabar.

Menggahing koela wangsoelan kados makaten poenika toemraping pasedérékan saé. Nanging manawi mengkoe kadjeng soepadps sampoen ngantos kadjoewara ing ngatasipoen golongan, poenika kirang prajogi (ning koela lo), amargi ing salebetipoen golongan waoe nama badé noetoepi barang ingkang pantjèn lepat. Dados ateges ngaling-alingi tijang (persoon) nanging nglèpèti awon toemraping golongan.

Pamrajogi koela, ingkang gadah golongan kémawon soepados maringana papatjoeh oetawi pidana ingkang samoerwat lan kalepatanipoen goeroe (jèn kaanggep lepat) soepados saged mantoeni tindakipoen moelang ingkang agemes lan getem dateng moerid-moeridipoen. Amargi, anggènipoen gadah tindak makaten waoe, saking kabar kiwatengen ing ngrikoe sampoen marambah-rambah. Kadosta: laré nama Saima kagebag sarana garisan blabag, ngantos garisanipoen poetoeng. Poen Waliman kagaris ladjeng medal. Poenika katrangan saking laré, kilap njatanipoen. Nanging boekti kados bendjoet biroe èrem waoe, katah èmperipoen.

Ingkang sabar sadèrèk Marta . . . . , mindak nglèpèti golongan pandjenengan, margi kala anoe poenika ing H.I.S. Kidoellodji (Ngajodja—Patjr. Mrh.) inggih sampoen kedadosan kados tindak tandoek pandjenengan poenika, kaotipoen namoeng ragi antep asta pandjenengan sakedik. Ngatos-atos sadèrèk!

* *
*

Pakabaranipoen sadèrèk D. Kr. kaseboet nginggil, pantjèn koela sengadja koela loegokaken kémawon. Perloenipoen, boten damel toena doengkaping pamawas.

Para ahli njatitèkaken, tentoe mastani: pakabaranipoen sadèrèk D. Kr. waoe namoeng saking getok toelar. Lan, . . . satléraman kados mengkoe pangéman. Nanging poenapa medal saking panggalih djoedjoer, poenika dèrèng kinoer! Awit, oepami temen sadjatining pangéman, ngabaraken prakawis makaten poenika, kedah dipoentaliti ingkang tapis roemijin. Boten kénging namoeng mirengaken oengeling gamelan saselé!

Koela pikantoek katrangan tjeta, kaseboet ing seratipoen kepala sekolah Toeri sadèrèk Tj. Legawa ddo. 21 Agoestoes, kados ing ngandap poenika:

1. Laré nami R. Moedjana; poetranipoen M. Padmapretama ing Djetis (Kadisaba); sadèrèkipoen djaler nama R. Soedarmadi.

Bab sakit boten saèstoe; botenipoen saged mlebet, margi dipoenkèn momong; lan adjrih bawaning laré, nanging namoeng 1 dinten; lan dojanipoen neda adjeg.

Bab garisan ingkang kanggé noetoek, lepat sanget, sadjatosipoen ingkang kanggé noetoek lap blabag (borstel), babing katoetoek boten margi boten saged étang, nanging margi sembrana, noedjoe woelangan étang.

2. Tijang sepoehipoen njata dateng Morangan, pinanggih R. M. Kresnaamidjaja lan para goeroe Morangan sawatawis. Déné ingkang mangsoeli pitakénipoen bapakning laré inggih R. M. Kresna; dipoenpitedahi katah-katah; déné jèn kirang marem, dipoenkèn matoer (mantri goeroe Toeri). Nanging pinanggihing koela boten gadah atoer, sebab dèk Mardisoesanta goeroe klas V sampoen neda pangapoenten dateng pijambakipoen, lan inggih poeroen ngapoenten. Ing wekda poenika tijang sepoehipoen laré sampoen narimah, déné ingkang boten narimah sadèrèkipoen djaler.

3. Bapakipoen laré dateng Morangan malih kalijan R. Soedarmadi; perloening bapa, Goeroe Morangan kapoerih meper dateng anakipoen djaler; nanging bawaning rembagipoen mbengkoenoeng, kapeksa para goeroe ngetjoelaken kekadjenganipoen. . . . . .

Kadjawi poenika saking sadèrèk Mardisoesanta goeroe klas V waoe, koela pikantoek katrangan bilih: *a.* ing Toeri boten wonten goeroe nama Marta. *b.* boten wonten moerid nama Saima kalijan Waliman . . . .

Dados, ing ngriki para maos saged ambatang pijambak, sadèrèk D. Kr. waoe kadoenoengan sadjatining pangéman dateng kita, poenapa boten! Éwadéné kita inggih kedah matoer noewoen dateng sadèrèk kaseboet! Awit, wontening pakabaran waoe tetep dados pèpènget toemrap kita!

Kadang Katoelik Djawi! Gesang kita wonten madyaning djagad pasrawoengan saèstoe tansah dipoenmata-matani. Sapolah-polah kita dipoenoelat-oelataken golongan sanès! Menawi kita wonten ingkang ketlèjèk nerak pepatjoehing Pangéran, koran-koran ladjeng isi kabar: . . . . wong Katoelik Anoe ing Anoe lakoené ala mengkéné enz. enz. Nanging manawi wonten tijang dédé Katoelik (Kristen) atindak awon sanget . . , manawi wonten meester Djawi atindak boten djoedjoer, tegel ngoeriki bangsanipoen pijambak, ... poenika . . . . (pandjenengan ngertos pijambak)!

Tetijang sanès anggènipoen mbobot Agami kita, poenika boten ngèngeti wawarahing Agami, ngèngeti lalampahan kita!

Mila, moegi sampoen goemampil! Lalampahan ing nginggil waoe dadosa pangilon!

* *
*

Wasana boten perloe koela solangaken, bilih misakit laré poenika kedjawi njoelajani ngèlmoe panggoela-wentah, oegi kalebet dados awisaning Nagari!

Pandan Wangi 23 Aug. 1929.
Taklim: *Patjar Mérah.*

CORRESPONDENTIE.

Sad. Tjodémaja, dipoensrantosaken.
Sad. J. J. Sastrasoewignja, lot pandjenengan (No. 904) koela tjotjogaken, boten wonten ingkang tjotjog: dados boten angsal.
Adm. sampoen tampi jatra f 45,37[5] saking K. W. Solo.
Sad. I. Kisma, Wanadadi Bandjarnagara: Lotipoen No. 00557 lan 00579.
Keng Bibi, dipoenentosi sakedap.

Trekkingslijst-ipoen Goederen-Loterij ing Kalibawang.

no. lot.	Prijs no.	no. lot.	Prijs no.	no. lot.	Prijs no.
23	7	393	43	680	8
65	18	425	31	702	40
69	29	431	14	725	9
71	21	503	17	726	16
78	30	505	60	727	5
87	57	515	2	735	3
92	52	517	39	746	48
120	24	519	12	749	42
121	27	522	38	751	50
124	20	527	26	762	41
126	55	528	15	789	45
176	23	530	11	811	44
199	36	535	10	858	6
239	49	549	51	863	35
242	28	551	53	865	37
289	59	561	46	866	32
351	1	583	56	872	22
352	19	636	54	892	34
354	58	674	13	966	47
376	25	678	4	991	33

N. B. Prijs no. 1. 2. 3 namoeng kénging kapendet dateng Pastoeran Ngajodja Kota Baroe. Prijs no. 4 t/m 60 kasedijakaken wonten Zusteran Mendoet.

KADJI PAULUS TILAR DONJA †

Kadji Paulus oegi asma Mas Ngabèhi Poedjahartana, dalemipoen ing Tembajat ± 6 pal saking Klatèn. Nalika dèrèng dados Katholiek asmanipoen kadji Ngoesmas, lan anggènipoen minggah kadji sampoen kaping 3. Sareng dados Katholiek asmanipoen Paulus. Ingkang mbaptis Rama van Driessche; ingkang maringi Sakramèn Kapradjoeritan K. Bisschop Mgr. v. Velsen wonten ing Grédja Moentilan.

Wasana kala Kemis 22-8-'29, margi sakit sanget, rama Berndsen maringaken Sakramèn Lisah Soetji, ladjeng Djoemoewahipoen ± djam 3 sonten, katimbalan sowan ing ngarsa Dalem Goesti Pangéran kita. Moegi pak Paulus nampia kamoeljan langgeng ing Swarga.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
„ Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

wekasaning taoen kados-kados kénging dipoenpastèkaken sami kekirangan teda. (Kadjawi manawi ladjeng wonten djawah!)

Manoet palapoeran, taoen poenika wedaling pantoen soeda $33^0/_0$ tinimbang taoen ingkang sampoen. Pamedal djagoeng soeda 30—$40^0/_0$. (Moegi-moegi ladjeng wontena djawah deres!)

Dateng Suriname.

Adj. Landbouwconsulent Padmawisastra ing Slawi kabantokaken goepernoer Suriname dangoenipoen gangsal taoen, dados Landbouwleeraar.

Koeli Djawi.

Str. Times njarijosaken bilih koeli-koeli Djawi ingkang njamboet damel wonten ing onderneming sata ing Filipina sakalangkoeng kanggep, nglegakaken. Prakawis poenika kénging kaboektèkaken déné General de Tobacos de Filipina neda soepados pikantoek koeli wedalan sakolahan saking tanah Djawi kanggé ondernemingipoen ing Cagayan. Paneda waoe dipoenlaksanani pangageng palaboehan ing ngrikoe ingkang sagah njoekani koeli 39. Arta-arta kanggé wragadipoen koeli-koeli waoe sampoen kabajar déning maskapé kaseboet dateng pangageng palaboehan.

MANTJA NAGARI.

Tiongkok.

Kala tanggal 29 Mei, Raad van State netepaken dinten ageng sanga ingkang kedah linampahan sarepubliek ngrikoe. Ing dinten-dinten poenika sadaja kantor-kantor Goepermèn, sakolahan-sakolahan kedah katoetoep. Dinten-dinten ageng waoe kadosta: 27 Aug. dinten agengipoen Confucius, 12 November lahiripoen Sun Yat Sen, 12 Maart pedjahipoen Sun Yat Sen, lss. Kedjawi poenika, dinten Ngahad katetepaken dados dinten kanggé kèndel.

***

Kala noetoep conferentie ngringkes tjatjahing wadyabala, Chiang-Kai-Shek anepsir tjatjahing wadyabala Tiongkok wonten 2 mlijoen. Moesawaratan kala samanten, anetepaken ngringkes tjatjahing wadyabalanipoen paréntah kabangsan kadadosaken 800.000.

Chiang-Kai Shek njarijosaken bilih pamedalipoen Tiongkok goenggoeng kempal wonten 450 joeta Mex. dollar, lan ingkang 100 mlijoen katetepaken kedah kanggé ambajar samboetanipoen Tiongkok.

Wadyabala Tiongkok nganggé waragad apes 396 mlijoen. Mila njoeda wedaling arta kanggé wadyabala, poenika ateges ndjagi sampoen ngantos tanah Tiongkok bangkroet. Nanging sanadjan tjatjahing wadyabala karingkes dados 800.000 wedaling arta kanggé militair meksa wonten $60^0/_0$ ning pamedal.

Madrid.

Ing Madrid saplok taoen énggal poenika sampoen boten wonten katjilakan satoenggal kémawon malih ing toemraping tetoempakan montor. Ingkang makaten poenika margi saking patoeranipoen sang Primo de Rivera ingkang saklangkoeng keras; inggih poenika saben tijang ingkang nglampahaken motor nerak (njrèmpèt) tijang langkoeng, boten sisah rèwèl-rèwèl ladjeng dipoenkoendjara. Natoni tijang langkoeng, inggih poenika ateges koendjaran 6 taoen kanggènipoen tijang nglampahaken montor, lan 12 taoen jèn tijangipoen loemampah waoe ngantos katiwasan doemoegi ing pedjahipoen.

Ladjeng béndjing poenapa ing ngriki badé wontenipoen patoeran ingkang saèmper oetawi plek kados poenika? Tjobi koela atoeri mriksani kita-kita ageng ing tanah Djawi ngriki, ing dalem saminggoenipoen wonten tijang pinten kémawon ingkang sami katjilakan amargi montor.

Mexico.

Sampoen naté kawartosaken ing Sw. T. ngriki, bilih djagad Katholiek ing tn. Mexico sampoen wiwit pentèr. Wonten kabar malih saking Paris, bilih Presidèn ing Mexico sampoen ngoemoemaken oendang, bilih sadaja Imam Katholiek ingkang sami kaoengsir, margi anggènipoen sami boten narimahaken brananing grédja karabasa, sami kalilan wangsoel dateng Mexico malih. Sadaja awisan nindakaken tata-padataning agami, sampoen kasingkiraken.

Manoet oendang saking Minister Binnenlandsche zaken, samangké sampoen wonten Biskop kalih ingkang sampoen koendoer dateng Mexico, lan oetoesan dalem K. S. Bapa énggal badé rawoeh malih.

Tijang Katholiek saloemahing djagad sami ngantoe-antoe pawartos sanès, ingkang saged mbingkas sadaja samar njata-botening pawartos ing nginggil waoe.

Pantes dipoenmangertosi.

Tijang sadjagad wonten 1.726 joeta. Poenika ingkang Katholiek sa-pragangsalipoen; sa-pragangsal malih tijang ingkang sami misah saking Agami Katholiek ladjeng nama Schismatiek oetawi Protestant; ingkang tigang-pragangsal dédé Katholiek.

Tjatjahing tijang Katholiek 305 mlioen; Protèstan 220 mlioen; Schismatiek (kados tijang Christen ing Roeslan) 158 mlioen; boten Christen 1073 mlioen.

1073 mlioen poenika ingkang 13 ml. Agami Jahoedi; 240 Islam; 200 Indoe (manembah Brahma); 138 Boeda; 270 ml. manoet Confucius.

Pènget: Nama Confucius poenika tjekakanipoen Koeng Foe Tze; nama Confucius poenika ingkang njoekani Missionaris Jezuïet ing poerwaning Missie tanah Tjina. Cnfc. poenika Tjina, kelahiranipoen kita Lu, ing taoen 551, adjal taoen 479 sadèrèngipoen Goesti mijos. Nalika pijambakipoen dipoentakèni: keprijé koedoe pangerèhing pradja, amrih betjiké, wangsoelanipoen: „Chun chun, Chenchen, Fu fu, Tze tze," tegesipoen: angger Ratoe, Minister (Mantri), Bapa, Anak pada tindak kaja enggoné sineboet Ratoe, Minister Bapa, Anak; oetawi: kabèh pada toemindaka saroedjoek lan titelé. 24 Shintoist (Shintu namaning déwanipoen tijang Tjina lan Djepan); 158 sami bangsa animist.

Dados ingkang poeroen toemoet-toemoet ngréntjangi adjenging Agami Katholiek, satoehoe teksih katah tebanipoen. Mangka ingkang mentjaraken sadaja boten namoeng Missionaris tok ingkang pinatah, nanging sadaja tijang Katholiek. Rèhné boten sadaja saged ngawaki memoelang dateng tanah Missie, boten sah sad. Katholiek sami soesah, awit sadaja saged dados warganing pakempalan ingkang samangké katresnan ing ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa; pakempalan poenika waoe tjatjahipoen tiga;

I. Pakempalan-Amrih-Soemebaring-Pangandel (Voorplanting des Geloofs).

Poenika ingkang tjikal-bakal Mej. Pauline Jaricot, wonten ing Lyon, taoen 1822.

Toedjoenipoen: ngreréntjangi mertobatipoen para ingkang sampoen diwasa.

II. Pak. Sang-Timoer (Heilige Kindsheid), ingkang tjikal-bakal Mgr. de Forbin-Janson, taoen 1843, wonten ing Paris.

Toedjoenipoen: neboes batoer toekon, moerih baptisé lan ngoedi pamoelasarané botjah tjilik abangan, kang dililakaké déning wong toewané lan botjah jatin (lola).

III. Pak. Santo-Petroes (St. Petrus Liefdewerk). Ingkang tjikal-bakal Mej. Bigard lan iboenipoen, taoen 1889, wonten ing Caen.

Toedjoenipoen: ngoedi soepados tanah-tanah Missie anggadahana Imam saking bangsanipoen pijambak-pijambak.

Montor bis andjempalik.

Sadèrèk Warsasoedarma saking Ambarawa ddo. 24-8-'29, martosaken kados ing ngandap poenika:

Bawèn (margi dateng Semarang), wonten autobus AB No. 2245 Merk Lie Gwan Pa, saking Ngajodja badé dateng Demak, sareng doemoegi doesoen Merakmati ± 1 K.M. sawétan Bawèn (margi dateng Semarang) poen autobus waoe andjempalik, (sebab marginipoen mandap), kap wonten ngandap roda wonten nginggil. Déné panoempang sami tatoe; 5 ingkang tatoe sanget. Lan wonten ingkang pedjah satoenggal, nanging sanès penoempang; tijang èstri wangsoel saking peken. Manoet tjarijosipoen knecht, tijang èstri waoe mlampah satengahing margi, dipoendot-dot ladjeng bingoeng, mladjeng minggir, woesana autobus oegi noetoeti minggir, ladjeng mbalik, ngebroeki tijang èstri waoe. Tijang ingkang sami tatoe kabekta dateng hospitaal Ambarawa.

dados ngertos lebet wedaling arta. Oepami ing woelan Djoeni tjèlènganipoen kawon kalijan ing woelan Mèi, ladjeng dipoenpadosi sababipoen. Iki apa sing marahi. Kaja ngéné iki pantjèné kena disrantèkaké nèk wis moerah. Tjobi, sadèrèk Djawi, mangga sami ngwontenaken kasboek!) lan soegih kawroeh.

Nanem rosan oetawi anggiling rosan, jèn bangsa Walandi poenika mawi dipoenkantèni kawroeh, katanda wontenipoen proefstation kadosta ing Malang. Tijang Wlandi saged njaèkaken rosan tegesipoen damel ingkang boten saged kataman ing sesakit lan ingkang katah gendisipoen, kadosdéné rosan P.O.J. 2878.

Rosanipoen tijang Djawi temtoenipoen boten saged njamèni kalijan rosanipoen tijang Walandi.

Wondéné panggilingipoen taksìh pasadja sanget, dados oepami rosan waoe wonten gendisipoen sakedik, ingkang katoet ing peresan namoeng bangsa 45 % ngrikoe.

Bangsa Djawi badé ngedegaken pabrik gendis, ah, sampoen trimah boten saged, sabab para Ir. Ir. ingkang dipoenboedjeng saweg politiek tok. Badéa ngadani ngedegaken, tijang Djawi ingkang brèwoe-brèwoe sami boten pitados. Saweg damel „bank Indonésiah" kémawon, bobrok.

Jèn saged, mawi gilingan pasadja inggih tékadan, jèn saged samia damel gendis batoe, amargi katah tijang nganggèkaken gendis batoe. Wonten *goegon-toehon* Djawi: gendis batoe damelan Tjina poenika dipoenwori lisah babi, mila bangsa santri boten poeroen pisan-pisan nganggé gendis batoe. Lisah poenika moeroegaken dlantjang wonten blentongipoen. Tjobi moendoeta gendis batoe, kaboentel ing dlantjang. Wonten blentongipoen poenapa boten? Jèn wonten, lah koela trimah kawon.

Tanpa lisah babi, damel gendis batoe inggih saged, nanging kedah mawi *kawroeh* tegesipoen mawi dipoenoekoer nganggé tèrmometer lan vochtweger. Tèrmometer poenika kanggé njoemerepi bentèripoen, vochtweger: kentelipoen. Ora doewé doewit kanggo toekoe! Jèn makaten kedah namoeng tjobi-tjobi, nanging ladjeng dèrèng temtoe kadadosan. Dipoenlaboehana tirakat, boten matjak!

Peresan rosan poenika dipoenworana apoe (endjet) 1 % (sapersèn) ladjeng karatengana ngantos 60°. Oemploekipoen kasérokana. Noenten latoe dipoenagengi, kaoemebaken énggal-énggalan, awit jèn kedangon ladjeng boten saged dados kristal. Jèn kentelipoen manoet vochtweger sampoen 23°, kasaringa mawi bangsanipoen wol (panoenggilanipoen ingkang kanggé slimoet), toemoenten kawadahan soepados ngoewab. Wadahipoen ingkang prajogi inggih poenika peti ingkang resik (sampoen tilas wadah saboen spn.). Ing dasaripoen peti waoe wonten bolonganipoen katah, nanging kasoempelan gaboes. Peti (kotak) waoe kaplantangana benang. Djoeroeh ingkang wonten ing peti ngrikoe kadang kala kaoedeg mawi kadjeng, perloenipoen soepados saja énggal dados kristal.

Manawi sampoen dados kristal (gendis batoe), bolongan ing ngandap kabikak. Djoeroehipoen waoe kagodog malih, bokmanawi taksih saged dados kristal (gendis batoe). Mangga sami katjobi!

D.

PIWOELANG BAB KASARASAN.

Koela mireng kabar, bilih ing Ngajodja wonten sadèrèk Katoelik ingkang sami tampi woelangan bab kasarasan. Ingkang kados makaten poenika koela tjotjog sanget, djalaran piwoelang bab kasarasan poenika perloe sanget toemrapipoen tijang ingkang soemedya ngadjengaken bangsa.

Kasarasan poenika boten namoeng kanggé satoenggal-toenggalipoen tijang kémawon, nanging oegi toemrap dateng tijang sabangsa. Menggah terangipoen makaten: Oepaminipoen wonten laré kalih sami sekolah toenggil sapangkat, ingkang satoenggal badanipoen bagas kasarasan, ingkang satoenggal sesakiten: sirahipoen katah beboedjenganipoen, badanipoen kataman ing goedig lan sesaminipoen; laré kalih waoe lamilami ingkang sesakiten temtoe ladjeng kompèren.

Sapoenika ingkang kados makaten poenika katoemrapaken dateng satoenggiling bangsa. Bangsa-bangsa poenika kados déné laré ing pamoelangan. Bangsa ingkang dèrèng tata kadosdéné tijang Dajak oetawi Papoeah, poenika oepaminipoen laré ing pamoelangan makaten taksih pangkat ngandap pijambak. Wondéné bangsa ingkang sampoen tata sanget poenika saminipoen laré ing pangkat nginggil pijambak.

Manawi wonten bangsa kalih, ingkang bab tatanipoen sami, oepaminipoen bangsa Dajak kalijan bangsa Papoeah. Negari oepami ngetjakaken bab kasarasan toemrap tijang Dajak. Tijang Papoeah dipoenkèndelaken kémawon. Ing tanah Dajak dipoenwonteni doekoen baji ingkang sampoen angsal toentoenan saking dokter, sareng ing tanah Papoeah taksih kados sapoenika inggih poenika baji lair boten patos dipoenoepakara; la poenika ing béndjingipoen, laré Dajak sami gagahgagah, sareng laré Papoeah ingkang pantji kijat saged gesang, déné ingkang ringkih teroes pedjah. Ing panggènanipoen tijang Dajak lan Papoeah poenika katah sesakitipoen ingkang nenoelar. Oepami tijang Dajak kapitoeloengan ing dokter, tijang Papoeah dipoenkèndelaken kémawon, poenika saged kelampahan tjatjah djiwanipoen tijang Dajak wewah katah, sareng tjatjah djiwanipoen tijang Papoeah soeda katah. Bangsa Indian ing Amérikah poenika milanipoen sapoenika kantoen sakedik sanget, amargi kedjawi sami pedjah ing peperangan, oegi sami pedjah djalaran dipoensebari sesakit ingkang toelar-toemoelar.

Para maos temtoe ladjeng mangertos kémawon, bilih bangsa kekalih ingkang soewaoe sami pangkatipoen, poenika manawi ingkang satoenggal ngertos ing piwoelang bab kasarasan lan dipoenetjakaken, ingkang satoenggal boten maèloe dateng bab kasarasan, lami-lami ingkang poeroen ngetjakaken waoe, minggah pangkat anggènipoen dados bangsa, sareng ingkang boten maèloe ladjeng mlorod, oepami dèrèng kaerèh ing bangsa sanès inggih noenten kaerèh, oepami sampoen kaerèh inggih teroes anggènipoen kaerèh.

Piwoelang bab kasarasan poenika toemrapa satoenggal-toenggaling tijang, toemrapa tijang sabangsa, kedah dipoensinaoe manoet wewaton ingkang leres, tegesipoen makaten: sadèrèngipoen njinaoe bab kasarasan poenika kedah mangertos dateng perloenipoen. Menggah perloenipoen inggih poenika ngadjengaken kasarasan oetawi noelak sesakit ingkang nradjang satoenggal-toenggaling tijang lan tijang sabangsa. Amrih wewatonipoen leres, ladjeng ngèngeti: wong ikoe apa lan wong sabangsa ikoe apa? Apa perloené wong oerip iki? Jèn mangkono apa perloené waras?

Manawi njinaoe bab kasarasan mawi wewaton ingkang leres, kawoesananipoen temtoe inggih mikantoeki saèstoe toemrap satoenggal-toenggaling tijang lan toemrap tijang sabangsa.

Minangka panoetoeping karangan koela poenika, koela memoedji, soepados ingkang sami ngersakaken sinaoe bab kasarasan, inggih kersa noelar-noelaraken kawroehipoen dateng tijang doesoen-doesoen oetawi bangsa kaoem berah ing pabrikpabrik.

D.

SAKING PAKEMPALAN

KABAR GANDJOERAN.

Senenging manah koela boten kénging winiraos soemerep panggregoetipoen para sadèrèk enèm sepoeh, kakoeng poetri dalah laré djaler èstri gotrah Gandjoeran. Ing wekdal samangké sampoen sami nggadahi pakempalan pijambak-pijambak ingkang saged ngijataken tangsoeling sasedèrèkan.

1. Pakempalanipoen sadèrèk kakoeng, kadjawi K.W. lan P.P.K.D. (ingkang mentas madeg) oegi gadah spaarclub (Hartadaja) ingkang saged moerakabi sanget dateng gotrah ing ngrikoe. Boten namoeng noemrapi dateng sadèrèk Katholiek, nanging oegi saged mblèbèr mendjawi. Klempaking arta ing sapoenika saweg wonten kalih tengah èwoe langkoeng sakedik. Kadjawi poenika ing ngrikoe oegi wonten sadèrèk sawatawis ingkang sampoen adaada, ngedegaken Cooperatie kanggé ndjagi kabetahanipoen padintenan, ingkang oegi saged anggegoelang dateng economie.

2. Pakempalanipoen sadèrèk wanita: W.K. ingkang soewaoenipoen mendap-mendip, ing samangké sampoen kabangoen malih, sarta anggegesangaken Cursus saminggoe kaping kalih, kanggé sadèrèk wanita ingkang boten saged njerat.

3. Laré djaler èstri mentas poenika, oegi ada-ada ngedegaken pakempalan nama: Krida Boedi Darma, ingkang toedjoenipoen anggegoelang remen dana, srana angempalaken arta saben lid satoenggal, apes 1 sèn ing sawoelanipoen. Béndjing jèn sampoen nglempak arta ingkang sapalih kadanakaken Pastoor lan ingkang sapalih Semenari Priboemi. Lidipoen saweg 59.

Kadjawi poenika oegi anggadahi pakempalan ingkang nama Napak Tilas Pada Dalem, katoentoen sadèrèk goeroe sawatawis, pendak malem Ngahad kapisan. Toedjoenipoen pakempalan waoe, angamblesaken dateng raos Katholiek, srana njarijosaken lelampahanipoen Para Soetji, dedongèngan, toewin sesorah sanès-sanèsipoen, ingkang saged anggoegah oetawi ngamblesaken raos Katholiek. Ingkang dateng ± 80.

Ing wasana pangadjeng-adjeng koela moegi pakempalan waoe sageda widada, tanpa sambékala, lan angedalna woh ingkang legi wangi, ambijet angemohi, temah moerakabi, dateng kita Djawi.

Noewoen.
S. W. Frans.

VAN LITH-STTICHING

Poenapa

woelan poenika

pandjenengan sampoen

maringi

oetawi ngintoenaken

contributie

kanggé Van Lith-Stichting?

?

Penningmeester V. L. S.

p/a 2e Convict

Moentilan N. I. S.

DOEMOENOENGIPOEN GESANG-DJAWI ING MANGSA SAPOENIKA.

Kados sapoenika horeging perang nagari Tjina adjeg kémawon, kinten-kinten poenapa boten njoemoebi toemrap tanah Djawi? Tamtoenipoen inggih, djer sampoen padatanipoen tanah Djawi dados pangoengsèn Tjina, bab poenika sadaja sami soemerep; mangka Amerika boten poeroen nampi pangilèn saking tanah Tjina,— dados sagedagan poenika, rèhning nagari Tjina gègèr, tamtoe saja katah ingkang ngedjawi. — La kantja Djawi kedah kadospoendi? Tjobi radi dipoentiti sawatawis.

Bangsa Tjina poenika bangsa sepoeh, dados menang akal, menang takad, menang tertib tinimbang bangsa Djawi. Ateges manawi kantja Tjina ngesoek mriki, padatan tamtoe tansah mimpang, djalaran saking akal pokil lan tahanan.— Ing mangka saking ngrikanipoen kapeksa, dados wonten ngrikinipoen saja woeled, saja kelèt, saja (gampilanipoen) saja nékad, emboeh sapapan-papané lan sapangan-panganė.

Bab rekaosipoen wonten ngrika kados boten perloe koela djèrèng, mindak kerontjèn,— perang 5 taoen laminipoen rak sampoen tjekap ta kanggé nggoesisaken bangsa. Sapoenika ngrika katah ingkang kapeksa neda damèn lan klika kadjeng . . . . jèn dateng mriki: misih dapet makan boeboer diatas krosi dengan diadep satoe „wana" — hm. poenapa boten majar?

Tjoba, ing kita Ngajodja katingal sanget ngesoekipoen bangsa Tjina, saben podjok margi sampoen dipoen-doki.

Koela boten ngadjak: boten narimah, boten, namoeng ngertosa, bangsa Djawi sijagaa ingkang permati. Asoengsoema gegala, tegesipoen: nglempakna sagoeng kagoenan, anjingkirna sadaja parangmoeka, tegesipoen: sampoen kesesa kebrongot, mindak mamak ing tindak ,ateges oten toeloes.

Bab gesang padintenan, economisch dipoen soek Tjina, bab tatanan pradja, politiek, dipoenhentjik Walandi . . . . Lo poenika doenoengipoen gesang Djawi djaman samahgké. Mila kedah awas, tatag, tahan.

Anggènipoen dipoenhentjik Walandi rak sampoen tjeta ta: kawon pinter, kawon kepel. Kalijan Tjina: kawon arta, kawon pokil.

Poenika doenoengipoen gesang Djawi ing sapoenika. Mila ngriki anglempakna sadaja kasagedan, ingkang sadaja tijang saged njakoep, amrih polatan kita saja djembar — jèn polatan djembar, saged soemerep srana langkoeng katah kanggé ngentas gesang kita. Boten oedjoegoedjoeg tindak wadag, paribasan mamak: emboeh, ora sapa aroeh.

Kados saoepami mendet margi poenika: tentrem, anteng, pakolèh, toer boten ngojak-ojak kantja alit, ateges: boten ngoetahaken rah.

Goesti roemijin anggènipoen ngentas kamanoengsan boten soroh amoek; makaten oegi kita, kedah kanti kawitjaksanan, katresnan, wani . . . kétjalan pakoermatan lan sadajanipoen.

(Badé kasambet.)

DJAMAN WARAS.

Djaman poenapa sapoenika poenika? Ing poendi-poendi saweg oreg. Ing ngriki wonten tijang dipoenkléwang, panggénan sanès wonten ingkang dipoentjangkol. Tanpa witjal sasatipoen ingkang boten ngrèwès gesangipoen pijambak, bokmanawi gadah gagasan, sarèhning akoe ora ana sing ndjaboet njawakoe, moelané daktjopoté déwé. Memelas timen ta! Katah sanget ingkang bosen gesang. O djaman madjeng! O djaman, djaman moendoer dadosipoen. Djaman énggal, ngènggalaken kasangsaran. Djaman bibrah, mbibrahaken gesang, gesang sesarengan, sesarengan kalijan sami toemitah. O, roesak sadajanipoen. Tjaranipoen ngrisak gesangipoen pijambak poenika mawarni-warni; wonten ingkang mawi pistoel, wonten ingkang mawi dedamel sanès, tjekakipoen tijang badé nglaloe, nganjoet toewoeh lan soedoek salira poenika boten kirang margi.

Ing Roeslan ondjo pijambak bab poenika. La inggih tijang panggénan moerang tata, ngemohi pangrèh. Saben dinten palapoeran serat kabar, wah, pandjang lébar ngemot pakabaran poenika, malah dipoentjetakaken nama lan oemoeripoen. Lan tiga prasakawanipoen ingkang loemoeh gesang poenika tijang taksih nèm-nèman.

Ing tanah Inggris oegi sami djordjoran. Taoen wingking kémawon wonten 3.458 djaler èstri ingkang moengkasi gesangipoen sarana nglaloe.

Ing kita Berlin (Djerman) pendak gangsal djam wonten tijang soedoek salira. Saja dangoe déné saja andadra, poenika sababipoen poenapa?

Para dokter lan winasis sami riboet madosi dadakanipoen wonten epidemie makaten poenipa. Dr. Oddie tjarijos, bilih tijang ingkang makaten poenika sebabipoen boten sanès kedjawi margi tijang waoe manahipoen boenek, pikiran koewoer ngraosaken pados pandamelan kanggé pangoepa djiwa. Petenging boedi ndadosaken bingoeng, wasana njoepèkaken tata leres.

Ing Roeslan ingkang katah[2] sebab tijang waoe sanget anggènipoen kagétan, margi ringkihing pikiran soepeking pamanahanipoen.

Ing Djerman margi kekirangan betahing ngagesang, toemrap tijang katah sanget. Sebab tetiga kasboet nginggil boten absah kanggé njebabaken wontenipoen lelampahan ingkang kirang saé makaten. Koela wani nginten, lan panginten koela boten badé mlèsèd, ingkang noewoehaken kekadjengan mblasar poenika moesnaning kaantepan dateng agami. Tijang kontjatan tentrem lan boten gadah adjrih dateng ingkang Maha-koewasa.

Katah tijang ingkang pamawasipoen mlèntjèng sanget kalijan kanjataan. Kerep kémawon tijang mireng witjantenan makaten: „aloewoeng mati katimbang wirang. Njata prawira lan kendel, manawa wani mati."

Soepados sampoen seling serep, tijang kedah ngoegemi, bilih boten kénging babar pisan medjahi badanipoen pijambak sarana dedamel poenapa kémawon. Dados sinten ingkang nemaha mistoel badanipoen pijambak, kanti terangipoen pangertos, poenapa ingkang dipoenlampahi sarta sebab poenapa nindakaken makaten, poenika boten nama prawira lan kendel. Senadjan tijang gadah kalepatan ageng sanget, senadjan tijang doemoegi ing katjingkrangan ngantos prasasat boten gadah sekoel saemplokan, senadjan wirang mawirang tinoempa-toempa dados satoenggal, senadjan sadjagad rat éwa lan sengit, senadjan tijang kabéngkas saking gesang sesarengan, tjekakipoen senadjan kanistan poenapa kémawon doemawah ing badanipoen, tijang boten kénging nglaloe.

Boten nama prawira lan kendel, ananging watak djirèh, boten tahan, boten saged ngampet, boten saged mbetahaken kasangsaran, la soedoek salira. Lelampahan poenika malah langkoeng nista lan asor katimbang kawirangan ingkang sampoen tinemah.

Poetoesaning rembag: manawi tijang gadah roemaos kedah ngibadah lan soewita ing Allah, saged menggak lan njandèkaken badé nglaloe, lan tatag nahan roebed roewet-ing ngagesang. Mila boten nggoemoenaken, bilih djagad Katoelik, oep: Sepanjol lan Itali namoeng sakedik tjatjahing tijang ingkang makaten poenika.

DJAÉ WANA.
ing Girisasra.

„Saking berkahing Pangéran, anak koela Engelbertha Soeprapti kala tanggal 15 Augustus 1929 pinaringan adi djaler, ginandjar wiloedjeng; toeloesa ing salaminipoen, dadosa prija oetami ngabdi Goesti; koela namakaken

AUGUSTINUS MARWATA."

Koela kekalih

M. S. Bratasoedirdja

Gabroe.

OERAP-SARI.

KABAR KATOLIK.

Dokter Djawi Katolik ingkang sapisanan.

Nembé poenika wonten De Koerier katjarijosaken bilih sad. Lodewijk Dwidjatanaja asli saking Semarang, loeloes iksamenipoen indische arts.

Dados, L. Dwidjatanaja poenika dokter Katolik Djawi ingkang sapisanan, nanging soewaoe boten wedalan sekolahan Missie.

Mireng kabar makaten poenika, kita sakalangkoeng bingah, saha boten kasoepèn Sw. Tm. ngatoeraken kasoegengan. Sakedap malih, manawi tanpa alangan dokter Djawi Katolik badé wewah satoenggal. Awit béndjing tanggal 18 doemoegi 23 Nov., sadèrèk Soedjita Dwidja Atmadja nempoeh iksamenipoen dokter ingkang wekasan. (Sadèrèk Soedjita poenika misan kalijan dokter Lodewijk, kaprenah sepoeh dokter Lodewijk).

Malah, kita pikantoek katerangan tjeta, satamatipoen saking Stovia, kinten-kinten sakiwa-tengenipoen woelan Djanoewari ngrikoe, sadèrèk Soedjita waoe badé neroesaken pasinaonipoen dateng Negari Welandi.

Moegi-moegi saja katah Katolik Djawi ingkang wedalan pamoelangan loehoer.

Pakoermatan 50 taoenanipoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI djoemeneng Pangrèh Rohani (Imam).

Sad. L. Jadiran martosaken makaten:

Pangajoebagija ingkang kaseboet ing nginggil sampoen kapoetoes wonten ing parepatanipoen para pangageng wewakiling Pasamoewan Soetji ing Indija, kados ing ngandap poenika:

1. Pahargijan poenika kanggé ing tanah Djawi doemawah dinten Ngahad tanggal 6 October 1929.

2. Setoe sonten 5 October 1929 Lof ageng mawi preek, lan lontjènglontjèng sami kaoengelaken.

3. Minggoe éndjing 6 October 1929 Mis Ageng lan tampi Panoenggil Soetji sasarengan.

4. Minggoe sonten Lof ageng mawi Te Deum, lan binerkahan mawi Sarira Dalem ingkang Maha Soetji (tanpa preek).

5. Minggoe sonten pepanggihaning para kadang Katholiek wonten ing papan ingkang sampoen kasediakaken (bond oetawi papan serasèhan).

Ing ngrikoe boten ngawontenaken tooneel, nanging ngawontenaken sesorah kaselanan langen-swara (zang). Ingkang sesorah sad. ingkang dédé Pastoer oetawi Broeder.

6. Senènipoen 7 October 1929, Mis Ageng kanggé laré-laré lan tampi Panoenggil Soetji sesarengan, mawi preek kanggé moerid-moerid.

Sadaja pamoelangan Katholiek ing dinten poenika liboer.

Bakda Mis, laré-laré wonten sekolahan sarapan sesarengan sagoeroenipoen toewin pista.

7. Grédja kapadjang-padjang langkoeng[2] ngongrongan tengah; ngawontenaken boekoe pangènget-ènget, poenika badé kakintoenaken dateng sadaja langganing Koerier (tanpa bajar), oetawi kénging toembas; lan malih para moerid badé kaparingan gambaripoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa; déné para brajat dipoensadèni gambaripoen Ingkang Sinoewoen radi ageng, poenika kapadjanga ing dinten ngadjengaken rijaja Dalem; lan sasampoening dinten pahargijan kaladjengna tjoemantèl ing ngrikoe.

Ing wasana sasaged-saged salebetipoen karaméjan laré-laré lan para sepoeh samija menganggé tjilimoeni wonten ing Grédja toewin ing papan pahargijan.

Manawi saged para moerid sami dipoenparingana gendéranipoen Ingkang Sinoewoen. Ing Grédja, kamarbolah toewin ing grija ingkang kaanggep perloe, kapasangan gendéra ageng, lan manawi saged oegi ing grijanipoen saben sadèrèk Katholiek.

Poenika waoe sadaja badé katin-

dakaken ing tanah Ngajodja, ing sasagedipoen.

Djalaran saking poenika ing Ngajodja sampoen ngawontenaken Comité, kawastanan: Comité 50 taoenanipoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI, djoemeneng Pangèn Rohani (Imam). Comité waoe madegipoen nalika tanggal 6 Agoestoes 1929, kakepjakaken wonten ing Darmasoebratan.

Wondéné ingkang djoemeneng pangarsa sdr. Soegiri, panitra sdr. Soegija, pangroekti arta sdr. Soeradi.

Rantjanganing Comité programma kados ngandap poenika:

1. Setoe sonten 5 October 1929 Lof ageng mawi preek.

2. Ngahad éndjing 6-10-'29 ndèrèk Mis Ageng lan tampi Panoenggil Soetji sesarengan, ing Grédja St. Joesoep.

3. Djam setengah 10 éndjing bakda Mis ingkang wekasan, sami nglempak wonten ing speelloods Broederan ingkang sampoen kapadjang-padjang; langkoeng^{2} potrètipoen ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa rinengga mawi padjangan ingkang angresepaken.

4. Ingkang ambikak wonten ing pepanggihan ngrikoe i.p. sdr. Soegiri pangarsa Comité.

Ladjeng kasambetan panembramanipoen Wanita Katholiek mawi Zang.

Sasampoenipoen poenika noenten sesorahipoen para wakiling pakempalan warni-warni saking sanès negari, sadaja badé kaoeleman. (Manawi ing papan ngrikoe boten adamel pahargijan pijambak.)

Sapoenika ladjeng gantos panembramanipoen para prijantoen kakoeng mawi tembang, sinarengan gangsa.

Bakda poenika sesorahipoen sadèrèk Iskak prakawis soegeng Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa.

Wasana pauze sakedap, sinambi mirengaken gérongan sinarengan gangsa angrangin.

Bakda pauze gantos sesorahipoen sadèrèk A.S. Dwidjasaraja prakawis gandèngipoen Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa, kalijan tradjang Katholiek.

Wasana ladjeng ngidoeng sesarengan mawi binaroeng ing moesik „Aan U o Koning der eeuwen."

Noenten panoetoep.

Sadèrèng lan sasampoenipoen, sampoen kasoepèn, bilih ing Ngajodja poenika sdr. Djawi Katholiek katah, Welandi oegi katah. Pramila dipoendadosaken kalih golongan, sdr. Djawi wekdalipoen mangajoebagja éndjing, sdr. Welandi sontenipoen.

Wondéné ingkang dipoenatoeri rawoeh andjenengi i.p. para Rama-Rama ing poendi-poendi, para Broeders lan Zusters, pakempalan-pakempalan Djawi warni-warni ing sanès panggénan (bilih ing ngrikoe boten kawontenaken pahargijan), toewin oegi pakempalan Welandi ingkang sakinten perloe, poenapa malih para djempol ing djagad Katholiek Ngajodjakarta. (Ing Magelang inggih wonten pahargjan poenika ngiras mahargja oegi 50 taoenipoen P. Hellings.— Red. Sw. T.).

Grédja Ngidjon.

G. T. H. Adisoemarta njerat kaods ngandap poenika:

Noewoen para maos, sampoen kirang ing pamengkoe, pantjèn radi èwed pakèwed anggèn koela ngabaraken kabar Ngidjon wontening taman kita Swara Tama ngriki, djer pantjènipoen makaten, boten preloe ta koela ngabaraken wonten ing ngriki, awit temtoenipoen para maos sampoen mangertos, jèn Ngidjon poenika namoeng papan padoesoenan, boten béda kalijan padoesoenan sanèsipoen. Nanging barekahing Kang Mahakoewasa, sanadjan Ngidjon poenika padoesoenan, boten kantoen kalijan papan ingkang ramé^{2}, awit margi saking berkah Dalem Goesti A. lan pangoedinipoen para Rama^{2} toewin sadèrèk kita katoelik, ing papan ingkang kaseboet waoe, ing samangké, sampoen kaadegan grédja. Sami^{2} Grédja Djawi, kalebet mondjo saénipoen. Menggah babaloenganing grédja, sapérangan ageng kadjeng, sanèsipoen témbok, wangoening grija, ingkang ngadjeng limasan, ingkang wingking djoglo, jèn sinawang mèmper mesdjid. Pramila manawi kanggé raos Djawi, sampoen matoek. Grédja ingkang koela andaraken waoe, nalika tg. 25 Augustus 1929. kaleres dawah Ngahad Kliwon, binarkahan ing Kangdjeng Biskop ing Batawi, kabijantoe, ing Rama F. Strater, Rama Poespadihardja. lan Rama G, M. Schmeding, Langen Swara, para Siswa Seminari, Kangdjeng Biskop, lan para Rama-rama poenapa déné sadèrèk ingkang andèrèk tjaosan koerban Mis Soetji; katingal sami seneng. Ingkang sami ndèrèk koerban Mis Soetji, kirang langkoeng wonten 450, sanadjan wonten tijang samanten, éwa déné nglebet Grédja, katingal boten sesak, kabekta saking wijaring papan; Prakawis papadjang inggih boten kantoen anggèning damel senenging para sadèrèk ingkang mlebet grédja, djalaran warninipoen pasrèn, notjogi raosing para sadèrèk Djawi, lan Walandi, wiwiting mberkahi djam $^{1}/_{2}8$, rampoengipoen djam $9^{1}/_{4}$. Bakda koerban Mis Soetji. Kangdjeng Biskop lan Rama-rama poenapa déné sadèrèk sepoeh, toewin tamoe-tamoe, sami kéndel wonten sekolahan, déné sadèrèk poetri wontening grija Adisoemartan perloe ngoendjoek saperlonipoen.

Sontenipoen djam $5^{1}/_{2}$. Rama F. Strater njaosaken lof, wonten ing grédja énggal kasebat, tengah-tengahing lof mawi sembahjangan rosario, goenanipoen sembahjangan rosario waoe, ingkang sapérangan kanggé pamartobatipoen sadèrèk kiwa tengenipoen Ngidjon, sapérangan malih kanggé sadèrèk nagari Walandi, ngkang sami ndanani. Sareng djam $6^{1}/_{2}$ rampoeng, langen-swara taksih adjeg, éndah lan saéning lagoe, sadaja boten ngoetjiwani, sapoenika ing grédja Ngidjon saben Ngahad kaping kalih lan kaping sekawan, tamtoe dipoenwonteni tjaosan koerban Mis Soetji.

Karaméjan moerid ing Moentilan.

Nalika Ngahad 1-9-1929, ing Moentilan kawontenaken pahargjan wonten ing Kawedanan, kanggé ngoermati: S. M. P. Wilhelmina, déning para moerid-moerid sekolahan angka 2, Leerschool, sekolahan èstri, poenapa déné sekolahan-sekolahan doesoen, bawah Moentilan katoentoen ing: S c h o o l o p z i e n e r, dipoendjenengi ing Pandjenenganipoen ingkang Wadana, Dokter, Kolèktoer, Dwidja ing: V. I. O. saha H. I. S.- sawatawis.

Wontening panembrama pahargjan:

Sekar déning para moerid èstri, lan djaler.

Leerschool Semampir, lan sekolahan Tegal.....! sekaripoen dados raosan.

Menjanji: „W i l h e l m u s —" siswa kl. VI Semampir, matoek!

Dolanan — sekolahan èstri-Tegal, *nengsemaken, adamel gambira.*

Topèng; djam 1 kirang—bibaran.

Moegi-moegi kawontenan poenika andajanana raos: Setija ing Ratoe, nenarika dateng ingkang sami ningali madjenga njekolahaken anakipoen.

Makaten tjarijosipoen *C. Ordeeka.*

Match Shanghai.

Arimbyatmadja njerat:

Clubipoen Loh Hwa saking Shanghai wonten ing tanah Djawi tansah mimpang. Ing ngriki koela boten ngatingalaken angka-angka kaping pinten anggènipoen mimpang, namoeng ngoengoen soemerep lebeting arta kartjis ing sadangoenipoen Loh Hwa mengsah S. V. B. B. sampoen langkoeng f 100.000, zegge: *„honderd duizend gulden."* Manawi njèlèngi ing O. L. mij Boemi Poetera oetawi Roekti Woeri, badé panèn semanten, sawoelan preminipoen ladjeng pinten?

Kala main ing Semarang pikantoek (entree) f 30.000 Soerabaja f 32.000 Bandoeng f 10.000. Betawi sapisananipoen kalih sabetan (twee wedstrijden) ± f 14.000. Sareng Loh Hwa mengsah S. V. B. B. tok pikantoek f 15.000. Gèk penonton pinten èwoe kémawon? Margi katah kantja penonton ingkang sami kédanan club Loh Hwa, boten sami adjrih ngindaki regining kartjis, sok oegi angsal kartjis kanggé mlebet. Staanplaats Europeanen ingkang f 1,80 mindak dados f 7.50 minggah malih dados f 10,— kanti rerikatan sadjak lélangan. Makaten manoet de Koerier!

Kados-poendi kabaripoen Hercules? Samireng koela djempoling bal-balan ing tanah Djawi poenika Hercules! Sareng gatoek: Loh Hwa— Hercules 3 — 0! Shanghai koeng! Pinten. èwoe asta kémawon ingkang sami ngeploki Loh Hwa! Koela ngantos boten saged nggambar kados poenapa kémawon agenging manahipoen Tjina-Tjina ngriki, déné partènipoen tansah oenggoel, sapoenika dados sekar lati: „Kaloek lihat match Shanghai." Dados nama koeroep anggènipoen sami ngloeroeg ngedjawi. Boten langkoeng: manawi going-going mari poelang ke...... *„Slamet djalan."*

KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Persatoean Djongos Indosnesia.

Sw. T. sampoen naté ngewrat pakabaran: ing Soerabaja wonten pakempalan djagal. Sapoenika ing Soerabaja ngrikoe imbet satoenggal malih pakempalanipoen, i. p. „Persatoean Djongos Indonesia."

Soerabaja pantjèn dados telenging ébah-ébahan kawoela. Koela kinten tandangipoen pakempalan-pakempalan Katolik Djawi ing ngrika inggih badé kasawaban saja sengkoet tandangipoen! Inggih moegi-moegi makatena kémawon!

Actienipoen Soeltan Dèli.

Manoet pamirengipoen O e t o e s a n S u m a t r a, Soeltan ing Dèli mentas kintoen serat dateng Handelsvereeniging Europa ing Medan. Serat waoe asoeraos moendoet soepados manawi dinten ageng Islam, para bebaoe toko ingkang agami Islam dipoensoekanana liboer, kados bangsa Europa manawi ngleresi dinten agengipoen. Manawi makaten, kaoem Islam ladjeng boten nama nglirwakaken wadjibing Agama.

Pamoendoetipoen Soeltan Dèli ingkang makaten poenika dipoenleksanani déning Handelsvereeniging Europa waoe. Sarta, toko-toko gadahanipoen tijang Europa oegi sampoen dipoenabani soepados njoekanana liboer dateng poenggawa Islam manawi ngleresi dinten ageng Islam.

Manawi poetra dalem Kangdjeng Sinoehoen ing Soerakarta mijos kakoeng, ...

Anggènipoen anggarbini praméswari dalem Kg. Sinoehoen ing Soerakarta sampoen sepoeh, kantoen ngentosi lèkipoen.

Wonten B a h a g i a koela maos rantjangan-rantjangan gandèng kalijan badé ambabaripoen Kangdjeng Ratoe Hemas, kados ing ngandap poenika:

Manawi Praméswari dalem sampoen kraos anggerahi, para abdi dalem, Dokter sami ingandikakaken malebet, perloe mitoeloengi samangsa-mangsa Kangdjeng Ratoe Hemas ambabaraken poetra.

Ing wekdal poenika oegi abdi dalem pradjoerit sabregada patjakbaris wonten aloen-aloen lèr kapangagengan Majoor ambekta gendéra, perloe ngoengelaken tengara mrijem samangsa poetra dalem sampoen mijos. Manawi mijos kakoeng drèlipoen rambah kaping 2 (poenapa 12 ???), manawi poetri rambah kaping 8.

Kantja panamboer kalijan abdi dalem slomprétan sami baris wonten panggoeng Sanggaboewana....... manawi poenika sampoen pikantoek kabar poetra dalem sampoen mijos, ladjeng ngoengelaken slomprèt toewin tamboeripoen kanggé soeka tengara dateng bètèng „Vastenburg." Ing bètèng Vastenburg inggih ladjeng badé angoermati sarana drèl, manawi kakoeng rambah kaping 11, manawi poetri kaping 9.

Sadaja abdi dalem nijaga oegi ingandikakaken malebet manawi poetra dalem mijos kakoeng, teroes angoengelaken gamelan ngantos pitoeng dinten pitoeng daloe, semanten oegi abdidalem ingkang sami naboeh moengsik.

Bangsa ngoelama kapérang-pérang dados pinten-pinten golongan, sadaja poenika kinarsakaken gentos-gentos sembahjang wonten masdjid ageng njenjoewoen amrih wiloedjengipoen poetra kalijan Praméswari dalem.

Manawi sampoen kapireng bètèng Vastenburg angoengelaken mrijem, para pangageng militèr, bestuur, para agoeng sarta pangéran sami malebet Kraton. Manawi sampoen angoendjoekaken kasoegengan, ladjeng sami sinegah oendjoekan wasana kapareng sami wangsoel.

Bakda poenika, abdi dalem pradjoerit ingkang sami baris wonten aloen-aloen ladjeng malebet. Para pangageng ngoelama, kalijan pangéran-pangéran, poenapa malih para hoofdofficieren pradjoerit kraton, ladjeng sami njembahjangaken poetra ingkang nembé mijos waoe. Manawi sampoen sembahjang, para prajagoeng, pangéran-pangéran poenapa déné para hoofdofficier kapareng mangkoe poetra dalem waoe gentos-gentos.

Manawi poetra dalem sampoen mijos, malemipoen malih ing kraton wonten wiloedjengan ageng-agengan. Bakda poenika ladjeng dipoenwonteni tetingalan ringgit poerwa, ingkang andalang pandjenenganipoen pangéran Harja Praboe Winata. Ing daloe ingkang kaping kalihipoen, sarta kaping sekawanipoen wonten pisowanan ageng-agengan kanggé para prijantoen loehoer ageng bangsa Europa, toewin Djawi, mawi sinoegata ringgit tijang kagoengan dalem pijambak kalijan kagoengan dalem P. A. A. Mangkoenegara VII.

Ing daloe ingkang kaping tiga dipoenwonteni ringgit watjoetjal malih kanggé para prijagoeng Djawi, déné ingkang andalang Radèn Mas Toemenggoeng Poedjadipoera.

Ing daloe ingkang kaping nemipoen dipoenwonteni bodjana soeka andrawina (gala diner). Bodjana ing daloe waoe oegi mawi dipoendjenengi ngarsa dalem Kangdjeng Soeltan ing Ngajogyakarta. toewan Goepernoer Ngajodja, K.G.P.A.A. Pakoealam, poenapadéné prijantoen ageng saking Ngajodja. Daloe waoe para tamoe sami sinegah srimpi toewin bedaja.

Wondéné, manawi Kangdjeng Ratoe Emas boten mijosaken poetra kakoeng, rantjangan-rantjangan ing nginggil waoe sapérangan ageng boten badé katindakaken.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

ISLAM KALIJAN BASA PRIBOEMI.

Éwah-éwahan ingkang saèstoe moerakabi.

— o —

Pandjenengan sampoen sami midanget dongèngipoen Toerki modèl baroe!

Pandjenengan inggih sampoen sami pirsa ébahing Agami Islam ing tanah ngriki.

Nembé mangké koela maos pakabaran wonten *Pewarta Soerabaja,* ingkang asoeraos Islam badé nganggèkaken basanipoen tijang Priboemi. Dados boten angekahi basa Arab. Pawartos poenika koela loegokaken kémawon kados ing ngandap poenika.

Circulaires bagai orang Islam.

S a t o e p e r o b a h a n.

Orang telah kirim satoe circulaire pada kita, jang maksoednja memberi tahoe, chotbah chotbah, jaitoe pidato pidato, di dalam mesdjid itoe sekarang akan dilakoekan di dalam bahasanja anak negeri sendiri. Jaitoe di mana banjak orang Melajoe akan digoenakan bahasa Melajoe dan dimana ada banjak orang Djawa digoenakan bahasa Djawa, idem Madoera dan lainnja.

Djoega chotbah pada hari Djoemahat, sebagaimana biasa dilakoekan pada sembahjang Djoemahat, akan dilakoekan dalam bahasa anak negeri.

Sampai sebegitoe djaoh itoe pidato-pidato di dalam mesdjid dilakoekan di dalam bahasa Arab, jang tidak dimengerti oleh semoea orang jang di sitoe.

Lain dari itoe, dalam itoe circulaires ada diminta, soepaja orang Islam tiada loepa pada wadjibnja, jalah kalau hari Djoemahat moesti pergi ke mesdjit boeat sembajang Djoemahat, ketjoeali kalau ada halangan jang penting seperti di tentoekan di dalam atoeran agama Islam.

***

Jèn makaten poenika saged toemindak saèstoe, temtoe badé damel bingahipoen sadèrèk Islam.

Saprika-sapriki tijang ngaos nganggé bangsa Arab; saged ngoengelaken, nanging manawi dipoentakèni poenapa tegesipoen, boten mangertos. Ingkang makaten poenika tetep kirang prajogi.

Toemrap prakawis kados kasboet ing nginggil, Pasamoewan Soetji langkoeng roemijin. Awit wiwit doemados, doemoegi sapriki, tansah anglenggahi: „basanipoen pijambak makaten langkoeng dipoenmangertosi!" Mangka nglampahi boten mangertos ingkang dipoenlampahi, poenika tanpa teges!

Mangga pandjenengan andjadjah djagad! Mangké rak njata: Indjil oetawi pakem-pakem Katolik (Kristen) sinerat mawi bangsa warniwarni. Wonten tanah Djawi pandjenengan saged maos Kitab Djawi. Wonten Tjina, saged pirsa Indjil basa Tjina; Iss.

Pandan Wangi: 2 Sept.

Taklim: Patjar Mérah.

R. A. A. Djajadiningrat kalijan Liga.

Ing Frankfurt mentas wonten konggrès Liga mengsah palinderan ing tanah djadjahan.

H e t N i e u w s mireng kabar bilih R. A. A. Djajadiningrat ingkang tjalon dados warga Raad van Indie, lan sapoenika dados wakilipoen paréntah wonten Volkenbond, ... tepang rembag kalijan sadèrèk Abdoelsoekoer pangarsa Perhimpoenan Indonesia, soepados sariranipoen sageda pikantoek oelem, awit R. A. A. Djajadiningrat waoe pantjèn kapéngin nenggani konggrèsipoen Liga.

Mireng kabar ingkang makaten waoe, Het Nieuws pitakèn dateng Paréntah pakabaran ing nginggil poenika temen poenapa dora.

Ingkang Witjaksana tindak Soematrah.

Rantjangan badé tindakipoen Ingkang Witjaksana Goepernoer Djéndral dateng Soematra Kidoel, makaten:

Tanggal 15 September mantjal pelaboehan Tandjoeng Prijoek.

Tanggal 17 wonten Palémbang; 19 September wonten Tandjoeng Enim; tanggal 22: Bengkoelen; 23 Sept.: Tambang Emas; 25 September Telok Betoeng; 27 Sept. ngrawoehi Landbouwkolonie Priboemi kalijan I. E. V. tanggalipoen 28 September kondoer dateng Bogor malih.

(Poenapa ngiras n g a n g i n - a n g i n pawartos bab kawontenan ing onderneming-onderneming??).

Dokter miroeda.

Kaseboet ing D e l i C o u r a n t, Dokter toewan Weber, anatjar laré ing onderneming Liberia tjatjahipoen kalih welas, sasampoenipoen katjatjar, laré-laré waoe pedjah sadaja. Margi saking poenika, Dokter Weber ladjeng kepeksa kedah lajanan kalijan poelisi. Nanging, dokter waoe ladjeng miroeda dateng Singapore.

Poenggawa S. S. dipoenlongi tjatjahipoen.

Katjarijosaken tjatjahipoen poenggawa bingkil sepoer ing Manggarai (Mr. Cornelis) dipoensoeda tjatjahipoen. Soewaoe tijang 2000 badé kasoeda kadadosaken namoeng 300.

f 100 èwoe roepijah kanggé waterleiding.

Paréntah anjadijakaken arta f 100 èwoe kanggé ngetrapaken oeroengoeroeng toja ing Pontianak.

Tèh tanah Djawi.

Pamedal tèh tanah Djawi ingkang kakintoenaken dateng mantja, kala woelan Djoeli wonten 5505172 K. G., kala Djoeli taoen '28 wonten 4823674 K. G.

Wiwit Djanoewari doemoegi Djoeli taoen poenika, goenggoeng kempal tèh tanah Djawi ingkang medal 38615101 K.G., mangka kala Djanoewari-Djoeli taoen 1928 wonten 35354704 K. G.

Djéndral Snijders dateng Indonesia.

Tanggal 2 September, djéndral Snijders pangkat saking Genua dateng Indonesia. Anggènipoen wonten ngriki ngantos 3 woelan. Menggah perloenipoen rerembagan prakawis wontenipoen lampah-lampah sarana motor amboer.

CORRESPONDENTIE.

R. Soegjarti, dipoensrantosaken.
Sad. Lorenz. Koepoe-koepoe kirang matoek kalijan azas kita; sanèsipoen dipoenentosi.
K. W. Soerakarta. Kita kelintoe tampi. Djoemoeah ngadjeng kémawon, koela wrat sadaja!

Pamoelangan Tionghoa tengahan.

Anggènipoen Soerabaja badé ngadani pamoelangan Tionghoa tengahan, sapoenika sampoen saged netepaken goeroe-goeroenipoen ingkang sakedap malih badé dateng saking Tiongkok dateng Indonesia ngriki.

Manoet rantjangan badé gangsal klas, nanging sapoenika badé wiwit tigang klas roemijin. Ingkang kénging loemebet sekolahan ngrikoe, ingkang wedalan sakolahan T.H.H.K. Ing pangangkah sageda laré wedalan ngrikoe angladjengaken wonten pamoelangan loehoer.

Mantja Negari.

Tiongkok kalijan Roeslan.

Kabar officieel ingkang netepaken Roeslan saèstoe ajoen-ajoenan kalijan Tiongkok, dèrèng wonten. Dados, oendang perang pantjèn dèrèng kadawahaken. Sanadjan makatena, mitoeroet oengeling tilgram-tilgram Aneta, tétéla bilih golongan kekalih waoe sampoen kerep reremponan.

Nagari Sovjet katawis anggènipoen damel oeroeb-oeroeb sageda wonten paprangan saèstoe. Tanggal 14 Agoestoes, ing barisan Wétan wonten mantroes Roeslan 300 poenapapadéné motor maboer kalih, angedjègi papan kalih enggèn. Semanten oegi barisan Roeslan ingkang sisih Kilèn oegi angedjègi Nordun satjaketipoen Manchuli.

Tilgram saking Shanghai tanggal 23 Agoestoes anerangaken bilih goepernoer Mantsjoerië Chang Hsueh Liang anjebar communique. Serat waoe amartosaken bilih insepèktoering Oosterspoorwegmij kalanipoen anindakaken wadjib dipoenpradjaja agèn-agènipoen Roeslan andadosaken lan tiwasipoen. Ing tanggal 21 agèn-agèn mérah waoe ngebom sepoer wonten satjaketipoen Kuhsiangtun: andadosaken pedjahipoen masinis kalijan setoker. Semanten oegi dintenipoen Rebo sepoer ingkang loemampah antawisipoen Hsilinho kalijan Taipinglin oegi dipoenbom, adamel tatoenipoen masinis kalih, stoker kalih, sarta sepoeripoen ngantos mandeg. Goepernoer Mantsjoerië waoe amartosaken malih oegi: wadyabala ingkang andjagi margi sepoer, sapoenika dipoensantosani. Saking tjarijosipoen pangageng ing Manchuli, kala dintenipoen Selasa kapengker wonten sepoer alapis wadja gadahanipoen Roeslan melebet ngantos sadasa meter wonten papan pabarisanipoen wadya Tjina. Wadya Roes 200 ladjeng medak saking sepoer, teroes ngedrèli bala Tiongkok. Sareng sampoen tjampoeh, wadya Roes kénging kaoendoeraken. Malah kala tanggal 18 Agoestoes wadya Roes 500 nempoeh barisan Tiongkok wonten satjelak-

R. I. P.

Ngatoeri pirsa: kala 26-8-'29, anak koela poen Johannes Winardi moerid pangkat V ing H.I.S. Moentilan, kapoendoet Pangéran dateng djaman kalanggengan.

Matoer noewoen dateng:

1. Pandjenenganipoen: Dokter, para Zuster lan Verpleegster, ingkang sampoen sami karsa anggoela-wentah kanti saé!
2. Rama Pastoer ingkang paring pangèstoe, sembahjangan.
3. Pakempalan P. L. Moentilan, déné paring pitoeloengan samanten agengipoen.
4. Para Broeder, Schoolopziener, toewin para goeroe Moentilan, Mendoet, Benda lsp., saha prijantoen sanèsipoen, ingkang sami karsa ngoentapaken lajon doemoegining koeboer.
5. Para siswa ing H. I. S. Moentilan lan sanèsipoen ingkang oegi sami ngatingalaken genging katresnanipoen.

Ingkang nandang prihatos:
1. M. Prawiradarma sabrajat.
2. M. Dasma (familie).

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30-8.30.	Lamah	5.30-6-8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6-7-9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6-7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6-7.30-9.
Bandoeng	6-7.30-9.	Magelang	7-9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6-7-8.30.
Benkoelen	7.30-9.	Makassar	6-7.30.	Poerworedjo	7-8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6-7.15-8.30.	Pontianak	7-8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6-8.	Manado	6-7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6-8.30.	Tegal	7.30-9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7-9.	Meester Corn.	7-9.	Sawah Loento	7-8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
„ Jav.	6-8.	Mendoet	6-7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6-8.
Kota Baroe	6-7.30.	Modjokerto	6-8.	Sedjiram	5.45-8.30.	Tomohon	7-8-9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5-6-8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7-9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30-8.	Waterlooplein	5.45-7-9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7-8.15-9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6-8-9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30-9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7-9.	Soekaboemi	6-7.30.		
Koeta Radja	6.30-8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

ipoen Mishanhsien tjaket talaga Hanka. Sasampoenipoen perang tigang djam, wadya Tiongkok kapeksa moendoer. Semanten oegi kala 22 Agoestoes, wadya Roeslan sami noempak montor alapis wadja, ngrabasa barisan Tiongkok ing Manchuli. Sasampoenipoen perang ngantos djam-djaman, bala Roes ladjeng wangsoel.

Manoet pawartos-pawartos, anggènipoen Roeslan sapoenika mengsah wadya Tiongkok ingkang djagi wates, poenika gadah sir angrebat pelikan areng séla ing Clalanor (Mantsjoerië Lèr). Manawi siripoen saged kaleksanan, mangké maskapé sepoer sisih Wétan rak ladjeng pepes tanpa daja. Kadjawi poenika Roeslan oegi ngintjih sageda njepeng pelikan areng séla gadahanipoen Tiongkok ingkang doemoenoeng wonten Fushun. Nanging golongan Tiongkok semoe-semoenipoen mangertos prakawis poenika, katanda papan-papan ngrikoe padjagènipoen wadyabala dipoensentosani . . . . .

Nagari Roeslan katjarijosaken katah sanget anggènipoen toembas teda saking Djepang kanggé wadyabalanipoen ingkang sami kaadjengaken dateng Tiongkok.

Kabar saking Shanghai 23 Agoestoes, anerangaken bilih ing Moekden mentas wonten saraséhanipoen pangageng-pangageng wadya Tiongkok, dipoenpandégani Chang Hsueh Liang. Ing confrentie ngrikoe netepaken ngadegaden pakempalan nglawan wadya Sovjet, poenapa déné mboedidaja sagedipoen ndoewa tradjangipoen wadya Sovjet ingkang sami koerang adjaran wonten saoeroeting wates. Ing conferentie ngrikoe netepaken njoedijakaken wadya 10.000, poenapadéné moerid militèr 3000 inggih sami badé sabaja pedjah nglawan wadya Roes.

Wakil Tiongkok ingkang wonten Berlijn, nglampahaken seratpèpènget dateng Roeslan soeraos nakèkaken poenapa tegesipoen déné Sovjet angsal kémawon wadyanipoen sami dolanan sendjata toewin mrijem wonten wates Mantsjoerie. Wangsoelanipoen Sovjet: prakawis poenika namoeng kanggé angajomi badanipoen pijambak. Sovjet badé poeroen ngrembag prakawis poenika manawi Tiongkok inggih anjampoeni anggènipoen ngrabasa barisan Roeslan. Sovjet anetepaken: manawi kadadosan wonten perang, poenika Tiongkok ingkang dados sabab. Wangsoelanipoen Roeslan mekaten poenika boten maremaken, mila kala tanggal 25 Agoestoes wakil Tiongkok anglampahaken protès malih ingkang isinipoen boten kasoemerepan.

Manoet pamirengipoen kantor pakabaran Kuo Min, manawi Tiongkok anglilani Sovjet ambenoem dirèktoer énggal kanggé Chin. Oosterschespoorweg, Sovjet inggih poeroen ladjeng rembagan soepados pasoelajan poenika toemoenten sampoen.

Mitoeroet kabar-kabar ing nginggil poenika tétéla Roeslan semoe ngadjak soepados perang dipoendadosaken kémawon. Dados boten poeroen roekoen. Lan nitik ingkang kaseboet ing nginggil, katawis bilih sapisan poenika wadya Tiongkok kerep kaseser. Prakawis poenika para bangsa Tjina oegi mangertos.

Manoet tjarijosipoen *Perniagaan* kala tanggal 22 Augustus, gedongipoen Kuo Min Tang dipoenanggé parepatan pakempalan Tionghoa 40, dipoenwakili tijang 90, mawi dipoentenggani wakil poelisi sarta paréntah. Wonten parepatan ngrikoe dipoenandaraken pasoelajanipoen Tiongkok kalijan Roeslan, sarta karembag soepados anakanakipoen Tiongkok ing ngriki inggih ladjeng tetoeloenga. Kala samanten ladjeng damel komité warganipoen 21, poenapa déné damel panitya tetep (permanente comité) warganipoen 9, sami tinanggenah ichtijar ngawontenaken pitoeloengan dateng Tiongkok. Kedjawi poenika, ing parepatan waoe anetepaken kintoen tilgram dateng paréntah Tiongkok, soepados énggal andawahaken oendang perang mengsah Roeslan, inggih awit angèngeti awoning kalakoewanipoen Sovjet.

Palèstina gègèr.

Boten namoeng Roeslan kalijan Tiongkok kémawon ingkang tjakartjakaran. Palèstina kalijan Arab boten poeroen kantoen! Menggah dadakanipoen makaten. Ing Jeroesalèm poenika wonten papan ingkang ing basa Walandi dipoenwastani *„klaagmuur"* (témbok soengkawa??; papan soengkawa??) Klaagmuur (koela djawèkaken kémawon: papan soengkawa) poenika pendoekoelan ing plato Sion; inggilipoen langkoeng saking 18 meter. Papan ngrikoe poenika langkoeng-langkoeng manawi Djoemoewah djam sakawan, dipoendatengi bangsa Jahoedi kanggé anggetoeni oetawi nalangsa déné Sion ngantos itjal. Kadjawi poenika oegi kanggé pasoedjarahan, sarta wiwit kina-makina kaanggep papan soetji déning bangsa Jahoedi. Katjarijosaken oegi bilih klaagmuur waoe dados sapéranganing témbokipoen padaleman soetji gadahanipoen Hérodès. Déné doenoengipoen kapinoedjon tepang témbok kalijan *Haram al Sharif* i. p. satoenggiling papan ingkang oegi kaanggep soetji déning golongan Islam.

Pangageng Jeroesalèm dèrèng dangoe anglilani tijang Islam ngambah gapoera ingkang mila kadosdéné margi boetoelan, ngambah papan soengkawa waoe. Wonten papan waoe bangsa Jahoedi kerep kapanggih tijang Islam, wasana sakalih-kalihipoen ladjeng katoewoehan manah geting, sengit. Bangsa Islam Arab roemaos tijang Jahoedi badé andadosaken papan ngrikoe dados boemi eigendom. Déné ingkang Jahoedi roemaos dipoenpakèwedi anggènipoen netepi ngibadahing Agaminipoen.

Prakawis makaten poenika noewoehaken kadadosan ingkang boten saé: bangsa Arab sami memengsahan kalijan bangsa Jahoedi. Manoet kabar saking departement Inggris bagéjan sadjawining négari, rikala Islam mengsah Jahoedi wonten Hebron ngawontenaken koerban: Jahoedi 45 pedjah, 59 tatoe; déné golongan Islgm (bangsa Arab) ingkang doemoegi tiwas 8, ingkang tatoe 10.

Ing Talaviv oegi wonten gègèr. Malah ing ngrikoe sampoen kaoendangaken angger-angger perang. Semanten oegi ing Jeroesalèm oegi sampoen kaoendangaken angger perang; sasampoenippen djam nem sonten tetijang boten kénging medal. Sedaja tilgram-tilgram ingkang medal kedah katiti roemijin. Wontening gégéran poenika mrèntèk-mrèntèk saking Jeroesalèm dateng Hebron, Talaviv lss. Rikala poelisi nentremaken gégéran wonten Jeroesalèm kasoran. Wiwit toemapaking (24 Ag.) gégéran doemoegi tanggal 26 Agoestoes tjatjahing bebanten ing Jeroesalèm Jahoedi pedjah 14, Islam 10, Kristen 3; ingkang tatoe sanget: Jahoedi 37, Islam 20, Kristen: 1. Ingkang tatoe èntèng: Jahoedi 66, Islam 32, Kristen 15.

Manoet tilgram saking Jeroesalèm tanggal 26, gégéran ing Telaviv poenika wiwitipoen rikala tetijang Arab sami ngoentapaken lajon. Poelisi kala samanten toemandang nandjakaken sendjatanipoen, ingkang pedjah tijang Arab nenem. Gemeenteraad ing Jeroesalèm ngabaraken djam tiga sijang tetijang Arab sami nempoeh Mahneye Hudah toewin Shaary Hesed. Oegi kawertosaken tetijang Arab tansah soedija badé damel gégéran wonten poendi-poendi. Wonten ing Jaffa bangsa Arab nempoeh, kantor-kantor negari, nanging kénging dipoenoendoeraken; ingkang pedjah 5, tatoe 30.

Margi kawontenan ing nginggil waoe paréntah Inggris ladjeng ngintoenaken kapal perang, torpedojager, baita-baita maboer, lss.

Ing ngriki wonten ingkang pantes dipoenpèngeti, i.p. departement oeroesan sadjawining nagari pikantoek protès pinten-pinten saking bangsa Jahoedi ingkang manggèn wonten Amérikah Sarikat, gandèng kalijan tindak boten saé ingkang kalampah wonten Jeroesalèm.

Paréntah Amerika ladjeng angabani wakilipoen ing Jeroesalèm soepados ngintoenaken palapoeran ingkang talesih.

Ingkang dados babantening gégéran ing Paléstinah waoe kadjawi bangsa Arab miwah Jahoedi, oegi studenten Amérikah ingkang sami sinaoe wonten college ing Palestina. Mandar rikala gégéran ing satjelakipoen „papan soengkawa" wonten journalist bangsa Djerman katjoebles pèmès, ngantos malebet grija sakit.

Paréntah ing Palestina katjarijoosaken njedahi para panoentoen Arab soepados ngawontenaken saraséhan, poenapa déné ngèngetaken kawoela ngrikoe sampoen kateroes-teroesaken anggènipoen atindak roda paksa.